



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-660

Sijè: ASOSYASYON PARAN AK LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 novanm 2021

### REZIME CHANJMAN YO

A-660 tabli estrikti pou gouvènè Asosyasyon Paran (Parent Associations, PA) yo ak ak Konsèy Prezidan (Presidents' Councils, PC) yo asire yo fikse dwa paran byen klè. Règleman sa a an vigè apati dat yo afiche l epi yo mete l ajou pou ranplase règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) A-660 ki gen dat 19 janvye 2017.

Chanjman:

- Yo te ajoute definisyon ki gen rapò avèk fòm reyinyon yo (anpèsòn, vityèl ak miks).
- Yo ogmante elijiblite pou vin manm nan yon PA/PTA pou ajoute ladan paran yon elèv k ap patisipe nan yon pwogram 3K oswa Pre-K yon lekòl ofri sou jiridiksyon distri lekòl kominotè a. (Seksyon I.D.1)
- Yo ajoute dispozisyon ki otorize itilizasyon yon platfòm adistans vityèl (virtually remote platform, VRP) lè y ap fè reyinyon PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo. (Seksyon I. ak II.)
- Yo ogmante privilèj pou vote nan reyinyon PA/PTA ak Konsèy Prezidan pou ajoute ladan vote nan yon VRP. (Seksyon I.D.3.b ak II.C)
- Yo limite reyinyon elektoral yo pou PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo sèlman anpèsòn oswa nan yon VRP. (Seksyon I.E.ak II.C)
- Avi sou reyinyon pou eleksyon pou PA/PTA ak konsèy prezidan dwe mete ladan yon endikasyon pou fòm reyinyon an ak adrès la, sa vle di anpèsòn oswa VRP. (Seksyon I.E.5.b ak II.C.4.)
- Yo retire referans pou selektè pou konsèy kominote ak konsèy tout vil la.
- Règleman entèn Konsèy prezidan ak PA/PTA dwe montre kòman ak kòman yo pral fè reyinyon yo. (Seksyon I.I.1 ak II.F.1.)
- Konsèy Prezidan ak PA/PTA yo ta dwe detèmine kibò, ki kote ak kòman pou yo fè reyinyon komite egzekitif ak asanble jeneral pou manm yo chak mwa. (Seksyon I.J.ak II.G.)
- Quorum for a hybrid meeting format requires at least one executive board member in attendance on school premises; quorum for either in-person or VRP meetings requires at least 2 executive board members and six parent members from the general membership. (Seksyon I.J.5.a)

- Yo sijere pou anrejistre reyinyon PA/PTA miks ak VRP. (Seksyon I.J.7)
- Konsèy Prezidan ak PA/PTA ka itilize ak jwen aksè nan kont bank atravè pòtal sou entènèt ke enstitisyon bankè an bay. (Seksyon III.B.)
- Konsèy Prezidan ak PA/PTA ka fè pèman pou vadè atravè sistèm pèman sou entènèt yon bank. (Seksyon III.B.)
- Konsèy Prezidan ak PA/PTA ka itilize yon kat bank/kat debi pou peye sèvis ak machandiz bay yon founisè nan kèk sikonstans, men yo toujou entèdi fòm pou fè retrè. (Seksyon III.B.2 ak 3.)



Department of  
Education

## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-660

Sijè: ASOSYASYON PARAN AK LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 novanm 2021

### TABMATYÈ

<b>REZIME CHANJMAN YO</b> .....	1
<b>TABMATYÈ</b> .....	3
<b>REZIME</b> .....	5
ENTWODIKSYON .....	5
DEFINISYON:.....	5
I. ASOSYASYON PARAN /ASOSYASYON PARAN PWOFESE	7
<b>A. Kreyasyon PA nan Nouvo Lekòl</b> .....	7
<b>B. Kreyasyon PTA</b> .....	7
<b>C. Retablisman PA/PTAs ki te sispann fonksyone</b> .....	7
<b>D. Manm PA/PTA</b> .....	9
<b>E. Eleksyon Manm Konsèy Egzekitif PA/PTA</b> .....	11
<b>F. Eleksyon Ekip lidèchip lekòl la</b> .....	16
<b>G. Kontestasyon Eleksyon</b> .....	17
<b>H. Konprann Responsablite Manm Egzekitif PA/PTA</b> .....	18
<b>I. Lwa entèn PA/PTA</b> .....	20
<b>J. Òganizasyon Reyinyon PA/PTA</b> .....	22
<b>K. Konsèvasyon ak Transfè Dosye PA/PTA</b> .....	25
<b>L. Dwa ak Responsablite PA/PTA</b> .....	26
<b>M. Sipò ak responsablite Distri/Borough</b> .....	29
<b>N. Fundraising</b> .....	29
II. KONSÈY PREZIDAN .....	30
<b>A. Mizanplas ak Fason pou Remete Konsèy Prezidan sou pye</b> .....	30
<b>B. Manm Konsèy Prezidan</b> .....	31

C.	Eleksyon Konsèy Prezidan manm egzekitif yo .....	32
D.	Kontestasyon Eleksyon .....	34
E.	Responsablite manm Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) .....	35
F.	Règleman entèn Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) .....	35
G.	Òganizasyon reyinyon Konsèy Prezidan yo.....	37
H.	Konsèvasyon ak transfè dosye PC .....	39
I.	Dwa ak Responsablite Konsèy Prezidan an .....	40
J.	Konsèy konsiltatif paran Chanselye (Chancellor's Parent Advisory Council, CPAC).....	41
K.	Fundraising .....	42
III.	AKTIVITE FINANSYE ONIVO ASOSYASYON PARAN AK KONSÈY PREZIDAN .....	42
A.	Bidjè PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo .....	42
B.	Kont labank PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo .....	43
C.	Aktivite PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo pou ranmase lajan .....	44
D.	Tranzaksyon lajan PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo .....	47
E.	Fason pou konsève dosye finansye PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo....	49
F.	Rapò finansye PA/PTA ak Konsèy Prezidan an .....	51
G.	Odit PA/PTA ak Konsèy Prezidan an.....	51
IV.	MEZI POU KORIJÈ YON PWOBLEM OSWA POU BAY YON PINISYON .....	52
A.	Zak kriminel oswa movèz konduit.....	53
B.	Erè finansye oswa Move aktivite finansye.....	53
C.	Menas oswa Risk pou lòt moun.....	53
D.	Neglijans Manm Egzekitif .....	53
E.	Konfli Enterè .....	54
V.	PWOSESIS OU REGLE KONFLI.....	54
A.	Konfli nan PA/PTA ak Konsèy Prezidan .....	54
B.	Demann èd PA/PTA ak Konsèy Prezidan an .....	55
VI.	EKSEPSYON (WAIVER).....	55
VII.	DEMAND RANSÈYMAN .....	56



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-660

Sijè: ASOSYASYON PARAN AK LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 novanm 2021

### REZIME

Règleman sa a fikse dwa ak responsablite fondamantal pou PA, PTA ak PC. Li ranplase Règleman Chanselye A-660 yo te pibliye jeudi 19 janvier 2017.

### ENTWODIKSYON

Chanselye a rekonèt ke lidèchip paran se potomitan lekòl leta yo. PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo otonòm. Kontwòl administratè lekòl genyen sou PA/PTA ak Konsèy Prezidan limite nan sa ki nesèsè pou aplike ak ranfòse lwa, politik, règ ak règleman, ak pou pwoteje dwa elèv, paran ak estaf.

### **DEFINISYON:**

Definisyon sa yo aplike pou objektif regleman sa a

1. Tèm DOE fè referans avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.
2. Yon Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA) se yon òganizasyon paran elèv nan lekòl leta Vil Nouyòk ke vòt paran kreye ak etabli. Yon PA adopte règleman entèn, eli manm egzekitif epi reyini regilyèman.
3. Yo etabli yon PTA lè paran manm yon PA vote pou amande règleman entèn yo pou elaji kategori manm pou pwofesè ak lòt estaf.
4. Yon PC se yon òganizasyon ki konpoze avèk prezidan PA/PTA ki nan yon jiridiksyon presi. Chak distri lekòl kominote oblije genyen yon sèl Konsèy Prezidan pou reprezante ni lekòl primè, ni lekòl presegondè. Chak borough oblije genyen yon Konsèy Prezidan pou reprezante lekòl segondè. Dwe genyen tou yon Konsèy Prezidan pou reprezante lekòl edikasyon espesyal pou vil la (Distri 75).
5. Yon lekòl se yon òganizasyon elèv otonòm sou direksyon yon direktè lekòl. Yon lekòl gen pwòp estaf li epi itilize pwòp bidjè li pou founi yon pwogram enstriksyon konplè.
6. Tèm distri a aplike pou 32 distri lekòl kominote yo ak pou Distri 75.
7. Règleman Entèn fè referans avèk dokiman ki kreye ak etabli PA/PTA oswa Konsèy Prezidan an epi li dekri règ yo dwe suiv.
8. Tèm pòs ofisyèl fè referans avèk pozisyon yo eli moun ladan yo nan komite egzekitif PA/PTA oswa Konsèy Prezidan an. Manm obligatwa yo se : prezidan, sekretè dosye ak trezorye. Yo ka presize lòt fonksyon yo nan lwa entèn yo.

9. Tèm paran an, nan regleman sa a, vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyon paran gen ladan: paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal yo nome, paran akèy ak "moun ki jwe wòl paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an.
10. Tèm moun ki reprezante paran" an vle di yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan. Tout desizyon osijè moun ki jwe wòl paran dwe baze sou sikonstans endividyèl ki gen rapò avèk responsab ak moun ki gen dwa legal pou pran swen yon timoun an patikilye. Yon moun ki pran swen yon timoun pou yon bout tan (egzanp, babysitter, bòn, oswa fanmi ki pa responsab timoun lan. Direktè lekòl la, lè sa nesèsè, ap detèmine si se yon moun ki reprezante paran yon timoun dapre dokiman li prezante nan lekòl la.
11. Tèm jou kalandriye a gen ladan tout jou semèn lan ak wikenn tou. Pou rezon avi alekri yo voye nan sak lekòl oswa pa imèl, jou yo distribiye avia konte kòm premye jou. Pou avi alekri w ap voye pa lapòs, konte jou ki vin apre jou ou voye lèt la kòm premye jou.
12. Tèm sipèntandan apwopriye vle di sipèntandan ki gen pouvwa sipèvizyon sou lekòl prensipal PA/PTA a. Sofsi yo di yon lòt bagay, tèm sipèntandan an gen ladan reprezantan l.
13. Tèm anpèsòn fè referans avèk lokal leòl la.
14. Tèm platfòm vityèl adistans (Virtually Remote Platform,VRP) lan fè referans avèk platfòm adistans yo itilize pou fè reyinyon sou entènèt, tankou nan lè sa yo ak lòt ankò men pa limite avèk Zoom, Webex oswa Google Meets.
15. Tèm miks lan fè referans avèk fè yon reyinyon anpèsòn y ap difize anmenmtan andirèk sou yon VRP.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-660

Sijè: ASOSYASYON PARAN AK LEKÒL YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 novanm 2021

### I. ASOSYASYON PARAN /ASOSYASYON PARAN PWOSESÈ

PA/PTA se reprezantan tout paran ki nan lekòl yo ye a, ladan paran timoun k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, timoun ki se elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners,ELL), timoun ki elijib pou manje midi gratis oswa apri redui ak timoun ki patisipe nan pwogram pou timoun douwe ki gen talan(gifted and talented, G&T) oswa timoun ki nan pwogram magnet. PA/PTAs dwe mane patisipasyon ak sipò tout paran. PA/PTA dwe respekte tout lwa, politik, règ ak règleman òganizasyon ak fonksyon yo yon fason pou respekte dwa elèv, paran ak estaf. PA/PTAs dwe gen lwa entèn pou kreye yon estrikti fòmèl. (Gade Seksyon I.I).

Tout lekòl leta dwe etabli yon PA oswa PTA. Se yon sèl PA/ PTA yo ka rekonèt ofisyèlman nan chak lekòl. Lè gen yon bilding ki plis pase yon lekòl, chak lekòl oblije kreye yon PA/PTA. Yon lekòl ki gen plizyè “ti kominote aprantisaj,” “lojman,” oswa “akademi” ki anba sipèvizyon yon sèl direktè lekòl, kapab kreye yon sèl PA oswa PTA.

#### A. **Kreyasyon PA nan Nouvo Lekòl**

1. Direktè lekòl la dwe òganize yon reyinyon paran pou kreye yon PA nan yon nouvo lekòl. Reyinyon an dwe fèt avan 30 septanm, epi yo ka fè l anpèsòn oswa nan itilize yon VRP.
2. Direktè a dwe anonse paran yo reyinyon pou kreye PA a omwen 10 jou nan kalandriye avan reyinyon an, dapre mwayen yo kalkile pou kontakte tout paran (egzanp, imèl, apèl otomatik, sak liv, lapòs ak/oswa yon aplikasyon mobil yon tyès pati lekòl la itilize). Li ka nesèsè pou itilize plizyè mwayen kominikasyon pou asire w tout paran yo okouran.
3. Omwen 8 paran sipoze prezan nan reyinyon an pou yo ka kreye yon PA.

#### B. **Kreyasyon PTA**

1. Yon PA ka vin yon PTA nenpòt lè si yo vote pou amande lwa entèn yo pou elaji kategori kòm pwofesè ak lòt kategori estaf lekòl vin manm.
2. Yon PTA ka retounen vin PA nenpòt lè si yo vote pou amande lwa entèn li yo pou anpeche paran vin manm. Se sèlman paran manm PTA a ki ka patisipe nan vòt sa a.

#### C. **Retablisman PA/PTAs ki te sispann fonksyone**

1. Rezon ki fè PA/PTA Sispann Fonksyone

- a. Si yo pa eli manm obligatwa yo nan delè dènye jou lekòl la, PA/PTA a sispann fonksyone si li pa fè eleksyon oswa si li pa eli omwen yon manm obligatwa– prezidan, sekretè dosye oswa trezorye – nan delè dènye jou lekòl la.
- b. Si yo pa fè eleksyon pou manm obligatwa yo atan.  
PA/PTA sispann fonksyone si li pa fè eleksyon atan pou konble yon plas vid nan pòs ofisyèl obligatwa yo. (Gade Seksyon I.E.10)
  - Pou pòs vid ki egziste nan ouvèti ane lekòl la, yon PA/PTA sispann fonksyone si yo pa fè yon eleksyon prese-prese nan delè 15 oktòb.
  - Pou pòs vid ki vin genyen pandan ane lekòl la, yon PA/PTA sispann fonksyone si yo pa fè yon eleksyon prese-prese nan espas 60 jou kalandriye apati moman manm lan demisyone oswa revoke.
- c. Pòs vid nan tout twa fonksyon obligatwa yo. PA/PTA a sispann fonksyone si tout twa fonksyon obligatwa yo rete vid epi yo pa konble yonn ladan yo avèk ranplasman.
- d. Si yo pa fè aktivite. PA/PTA a sispann fonksyone si li pa fè reyinyon PA/PTA pandan 60 yonn apre lòt pandan ane lekòl la. Yo defini “ aktivite PA/PTA” kòm reyinyon komite egzekitif la oswa reyinyon asanble jeneral.

## 2. Avi direktè voye

Si PA/PTA a sispann fonksyone, direktè a dwe avèti FACE ak sipèentandan ki apwopriye a imedyatman.

## 3. Reyinyon paran pou retabli PA/PTA a

- a. Si PA/PTA sispann fonksyone, direktè a dwe fè yon reyinyon paran kote l ap fè yon eleksyon rapid pou reetabli PA/PTA a. Yo ka òganize reyinyon an anpèsòn oswa yo ka itilize yon VRP.
- b. Direktè a dwe voye avi alekri omwen 10 jou kalandriye avan reyinyon an, dapre mwayen yo kalkile pou kontakte tout paran (imèl, sakodo, kourye postal, ak/oswa yon aplikasyon mobil yon tyès pati lekòl la te fè) Li ka nesesè pou itilize plizyè mwayen kominikasyon pou asire w tout paran yo okouran.
- c. Yo dwe fè reyinyon pou retabli PA/PTA a
  - Pa plis pase 15 jou kalandriye apre yo fin anonse FACE ak sipèentandan ki apwopriye a si PA/PTA a sispann fonksyone pandan ane lekòl la.
  - Pa pi ta pase 30 septanm si PA/PTA a sispann fonksyone pandan ete a.

- d. Omwen 8 paran sipoze prezan nan reyinyon an pou yo retabli yon PA/PTA.

#### **D. Manm PA/PTA**

##### 1. Detèminasyon elijiblite pou Paran

Nenpòt paran yon elèv ki nan yon lekòl DOE oswa nan yon pwogram 3K oswa Pre-K DOE yon lekòl ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a fè, li elijib otomatikman vin manm PTA/PTA nan lekòl sa a.

- a. Yon paran ki gen timoun nan diferan lekòl se yon manm PA/PTA nan chak lekòl separeman.
- b. Yon paran elèv ki nan yon lekòl apentan ki pa nan vil la, pandan li sou lis yon pwogram pou tout vil la, dwe chwazi si pou l manm swa PA/PTA nan lekòl pitit li ye a, oswa si se nan lekòl kote elèv la parèt sou lis la.
- c. Yon paran pa ka voye yon lòt moun pou reprezante l kòm manm PA/PTA a.
- d. Yon PA/PTA pa ka aksepte pou lòt moun ki pa kalifye vin manm, tankou manm onorè, ansyen manm, ansyen manm egzekitif.
  - Lwa entèn PA/PTA a ka pèmèt kèk kategori moun ki pa kalifye pou manm patisipe, tankou konsène ak manm fanmi ki pa responsab elèv, depi yo pa otorize kòm manm egzekitif PA/PTA oswa prezidan komite oswa vote.

##### 2. Detèminasyon elijiblite pou Estaf

###### a. Elijiblite estaf

Estaf k ap sipèvizè (direktè, asistan direktè ak sipèvizè) ak kowòdonatè paran pa elijib pou vin manm PTA nan lekòl kote y ap travay , menmsi yo gen yon timoun nan lekòl la. Tout lòt kategori estaf lekòl elijib pou vin manm PTA.

###### b. Restriksyon sou patisipasyon estaf

estaf lekòl pa elijib kòm manm nan konsèy egzekitif la oswa nan komite pou nominasyon/eleksyon manm PA/PTA nan lekòl kote y ap travay la, menmsi yo gen yon timoun nan lekòl la.

Restriksyon sa a pa konsène moun k ap travay nan lekòl la, ki pa touche lajan DOE, pou yon pwogram ki pa fè pati jounen lekòl regilye a.

##### 3. Patisipasyon Manm nan PA/PTA

###### a. Kotizasyon

Tandiske pèman kotizasyon pa ka yon kondisyon pou patisipasyon oswa manm nan asosyasyon an, yon PA/PTA ka chwazi pou mande kotizasyon.

## b. Vòt

Chak manm gen dwa pou vote sou tout desizyon yo prezante nan reyinyon jeneral manm asosyasyon an. Vote dwe fèt anpèsòn. Yo pa otorize moun vote pou lòt moun, vòt pa lapòs, vòt pa imèl.

- Yo dwe fè eleksyon manm konsèy yo sèlman nan yon reyinyon anpèsòn oswa nan itilize (VRP). Yo pa otorize fè eleksyon yo nan yon reyinyon miks.

## c. Konfli enterè ak restriksyon sou patisipasyon manm

Manm PA/PTA dwe pran tout prekosyon pou evite aji nan sikonstans kote enterè pèsònèl yo vin an konfli avèk enterè yo kòm manm PA/PTA.

- Prizdesizyon
- Patisipasyon ak vòt manm asosyasyon an sèlman ak lòt reprezantan ki pa gen yon konfli enterè dwe pran desizyon PA/PTA yo.
- Move itilizasyon pozisyon an
- Manm konsèy PA/PTA ak lòt manm yo pa dwe itilize pozisyon an pou benefisye tèt yo, manm fanmi yo, oswa asosye biznis yo.
- Konfli Enterè Manm Konsèy PA/PTA
- Manm Konsèy PA/PTA pa dwe gen yon enterè dirèk oswa endirèk nan okenn tranzaksyon biznis, enterè finansye, oswa tout biznis ki gen rapò avèk lekòl kote yo se manm lan. Sepandan, manm PA/PTA pa ka travay pou yon òganizasyon, dirèkteman oswa endirèkteman, nan lekòl yo pandan jounen lekòl la, oswa nan yon jounen apre lekòl, yon sware, wikenn, jou konje, oswa pwogram ete. Sepandan, manm PA/PTA ki gen yon biznis, pa ka, dirèkteman oswa endirèkteman, fè biznis avèk lekòl yo pandan jounen lekòl la, oswa avèk yon jounen apre lekòl, yon sware, wikenn, jou konje, oswa pwogram ete.
- Nan sikonstans ekstrawòdinè, responsab etik DOE yo ka garanti otorizasyon.
- Manm nan PA/PTA ki gen yon konfli enterè jan yo defini pi wo a pa ka prezante kandidati pou vin yon manm nan PTA sofsi ak jiskaske li jwenn yon otorizasyon. (Gade Seksyon 1.E.6.a.). Manm nan PA/PTA ki gen yon konfli enterè jan yo defini pi wo a ka sijè pou retire l nan biwo an si li pa rive jwenn yon otorizasyon. (Gade Seksyon IV.E.)
- Konfli Enterè Manm PA/PTA
- Manm PA/PTA ki gen nenpòt enterè dirèk oswa endirèk nan tout biznis transaksyon, tout enterè finansye oswa komès, jan sa te diskite nan Seksyon I.D.3.c, avèk lekòl li dwe evite patisipe nan tout desizyon ki gen rapò avèk bagay sa a. Moun ki gen tip enterè sa yo dwe fè manm yo konnen epi mete sa nan rapò reyinyon an kote yo te devwale sa a.

#### 4. Manm asosyasyon PA/PTA nan lòt òganizasyon

Manm nan PA/PTA kapab fè pati tout lòt òganizasyon nasyonal, eta a, oswa vil la ki apwopriye, depi politik oswa règleman entèn òganizasyon an pa an konfli avèk politik, règ ak règleman sa a. Apwobasyon pou manm PA/PTA a obligatwa pou fè pati nenpòt lòt òganizasyon.

#### E. Eleksyon Manm Konsèy Egzekitif PA/PTA

Yo dwe fè eleksyon nan yon fason lib, onèt ak jis kote tout moun ka gen opòtinite pou tout manm patisipe plènmàn. Yo dwe fè eleksyon yo sèlman nan yon reyinyon anpèsòn oswa yon reyinyon nan itilize (VRP). Yo pa otorize fè eleksyon yo nan yon reyinyon miks. Okenn moun pa ka fè presyon oswa kontrent sou lòt moun. Yo entèdi responsab lekòl yo pou entèveni dirèkteman oswa endirèkteman nan pwosesis eleksyon PA/PTA .

Komite nominasyon oswa komite egzekitif PA/PTA a ka mande oryantasyon nan men Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) apwopriye a oswa nan men sipèentandan apwopriye a.

##### 1. Manda

Yo eli manm PA/PTA yo pou yon manda yon lane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.

##### 2. Co-manm

Yon sèl moun dwe okipe tout pòs yo sofsi estati PA/PTA pèmèt klèman egzistans co-dirijan. Estati yo ka otorize men yo pa ka òdone pataj pòs yo. Yo dwe presize dwa vòt co-manm yo nan estati yo. Anplis:

- Ko-manm yo dwe dirije ansanm tankou yon sèl moun pou ranpli fonksyon an ansanm.
- Pandan demisyon oswa revokasyon yon co-manm, co-manm ki rete an dwe chwazi swa pou l dirije poukontli pou rès manda a oswa demisyone pou yo ka ranplase l oswa fè eleksyon antisipe.

##### 3. Yo ka ajoute pwovizyon nan estati a

Règleman entèn PTA a dwe espesifye kòman pou yo fè eleksyon an. Yo dwe souliye pwosesis sa yo nan estati a:

- Fòmasyon Komite Nominasyon pou eleksyon anyèl (prentan) an.
- Solisitasyon nominasyon
- Verifye eligibilite
- Vote nan biwo konteste ak sa k pa konteste
- Bilten vòt

- Sètifikasyon eleksyon
  - Si pòs manm ki vid yo ka ranpli nan siksesyon epi, si wi, nan ki lòd
  - Eleksyon akselere
4. Eleksyon anyèl (Prentan)
- a. Delè
- Yo dwe fè eleksyon manm egzekitif obligatwa (prezidan, trezorye, ak sekretè dosye) apati 1ye avril epi dènye jou lekòl la, pou asire pral gen yon PA/PTA anplas pandan ete an ak ouvèti lekòl la an otòn.
- Rezèvasyon Pòs pou Eleksyon ann Otòn  
Pou akomode paran elèv k ap antre nan lekòl la, règleman entèn PA/PTA a kapab pèmèt pou fè eleksyon manm egzekitif ki pa obligatwa yo (tankou, visprezidan) an otòn. Règleman entèn lan dwe idantifye pozisyon y ap rezève yo ak delè ak pwosesis pou eleksyon an.
- b. Avi Direktè a
- Biwo egzekitif la dwe avize direktè lekòl la sou dat ak lè y ap fè eleksyon anyèl la avan 1ye avril.
- Si yo pa avize direktè a avan 1ye avril, li dwe mande prezidan PA/PTA a dat ak lè eleksyon an. Si prezidan PA/PTA a pa reponn sou 10 jou kalandriye, direktè a dwe avize tout paran yo nan pwochen reyinyon asanble jeneral la.
  - Si PA/PTA a pa fikse yon dat ak lè pou eleksyon an apati 1ye me, direktè a dwe avize sipèntandan apwopriye an.
5. Avi sou reyinyon pou eleksyon (tout eleksyon yo)
- a. Yo dwe voye yon Avi sou reyinyon pou eleksyon alekri bay tout paran nan omwen 10 jou nan kalandriye a avan tout eleksyon PA/PTA an. Si koròm la (gade Seksyon I.J.5.) pa satisfè reyinyon pou eleksyon an, yo dwe pwograme yon dezyèm reyinyon eleksyon, epi yo dwe voye yon Avi sou reyinyon pou eleksyon alekri bay tout paran omwen 5 jou avan eleksyon an. Yo dwe afiche avi a nan lekòl la epi voye l nan yon fason kalkile pou tout paran jwenn li (tankou imèl, valiz, oswa kourye postal, ak/oswa yon aplikasyon mobil yon tyès pati lekòl la itilize). Li ka nesesè pou itilize plizyè mwayen kominikasyon tankou apèl otomatik pou asire ke tout paran okouran.
- Komite egzekitif dwe kreye avi a ak soumèt li ba direktè a ak kowòdonatè paran an atan pou yo ka distribiye l omwen 10 jou kalandriye avan reyinyon pou eleksyon an.
  - Direktè oswa kowòdonatè paran dwe distribiye avi a byen vit pou otorize PA/PTA pou konfòme avèk delè avi a.

b. Avi sou reyinyon pou eleksyon an dwe fèt alekri ak dwe gen ladan:

- Dat, lè ak adrès eleksyon an.
- Fòm reyinyon (anpèsòn oswa VRP)
- Yon lis tout pòs egzekitif yo ta dwe ranpli.
- Yon deklarasyon ki fè konnen ke sèl kalifikasyon pou tout pòs yo se pou kandida a se paran yon timoun nan lekòl la.
- Mekanis kote paran ka vini kandida pou pòs nan PA/PTA ak dat pwosesis pou chwazi kandida yo ap fini..
- Pou eleksyon akselere yo, yon deklarasyon kote yo pral fè tout nominasyon kandida nan asanble a nan reyinyon an.
- Yo ka mete ladan non kandida yo sèlman si yo fèmen nominasyon yo deja.
- Dire manda a, si li nan règleman entèn yo.

Dat yo te distribiye avi sa a bay tout paran ak mwayen yo te distribiye l.

6. Dwa ak responsablite kandida yo

a. Detèmine elijiblite kandida

- Sèl kalifikasyon pou tout pòs se pou kondida a se yon paran timoun ki nan lekòl la oswa yon timoun nan yon pwogram 3-K oswa Pre-K ke yon lekòl sou jiridiksyon an te ofri nan distri lekòl kominote a.
- Kategori moun sa yo pa elijib pou vin kandida:
  - Anplwaye DOE, menmsi yo gen timoun nan lekòl la. (Gade Seksyon I.D.2.b)
  - Manm PA/PTA ki gen yon konfli enterè pa elijib pou poze kandida pou pòs mam sofsi yo jwenn yon eksepsyon nan men manm etik DOE a. (Gade Seksyon I.D.3.c.)
- Yon kandida pou yon pòs pa bezwen la nan moman eleksyon an pou li elijib pou li kandida.

b. Fè kanpay ak diskite avèk manm yo

Lwa entèn PA/PTA dwe presize youn oswa plis mekanis kote kandida yo ka pale avèk manm yo avan reyinyon eleksyon an, men apre yo fin fèmen nominasyon yo. Mekanis sa yo ka gen ladan distribisyon deklarasyon ak foròm kandida. Yo dwe bay tout kandida menm opòtinite pou patisipe nan tout mekanis pou pale avèk manm yo.

- Yon avi ki gen ladan afich PA/PTA kote yo poste deklarasyon kandida yo, ak distribiye bay paran nan bilten nouvèl PA/PTA, atravè medya elektwonik PA/PTA esponsorize oswa yon tab PA/PTA.

- Tout deklarasyon kandida yo dwe apwopriye. Pami materyèl ki pa apwopriye ou jwenn materyèl ki denigran, difamatwa, ki gen betiz oswa ki deranje pwosesis edikasyon an. (Gade Seksyon I.L.2.c.)

Nan reyinyon eleksyon yo, yo dwe bay kandida yo opòtinite pou pale avèk manm yo avan yo vote. Si yon kandida pa la, yon lòt manm ka li deklarasyon kandida a.

Yo pa ka distribye ni afiche okenn materyèl ki apiye yon kandida oswa yon gwoup kandida nan espas lekòl la ni sou sitwèb lekòl la, sipòtè, manm egzekitif PTA/PTA, oswa komite PA/PTA. Kandida ki vyole pwovizyon sa a, dirèkteman oswa endirèkteman, ap gen chans pou nou diskalifye yo epi yo ka pa elijib pou vin kandida nan ane eleksyon sa a.

## 7. Nan reyinyon eleksyon an

### a. Detèmine elijiblite pou moun vote

Sèlman moun ki se manm PA/PTA a nan moman eleksyon an elijib pou vote. Direktè oswa reprezantan I (ki dwe yon anplwaye lekòl) dwe verifye elijiblite chak moun pou vote avan distribisyon bilten yo.

Yo dwe detèmine yon pwosesis pou verifye elijiblite manm yo an kolaborasyon avèk administrasyon lekòl la avan reyinyon elektoral la dapre sa ki pi konvnab avèk kominote lekòl la. Verifikasyon a ka gen ladan, men li pa limite avèk itilizasyon inik kòd pou manm ki elijib pou vote yo, oswa yon pwosesis avan enskripsyon.

### b. Vòt

Tout moun dwe vote anpèsòn, oswa yon alèd sondaj VRP. Yo pa otorize moun vote pou lòt moun, vòt pa lapòs, vòt pa imèl.

- Pòs ke yo pa konteste

Lè gen yon sèlman yon sèl kandida pou yon pòs, asanble a ka vote pou aksepte kandida sa a avèk yon pwopozisyon. Yo dwe mete rezilta mosyon an nan pwosèyèbal yo.

- Pòs ke yo konteste

Lè gen plis pase yon kandida pou yon pòs, yo dwe vote avèk bilten.

Pou vote anpèsòn, bilten yo dwe rete nan sal reyinyon an (oswa nan biwo direktè avèk yon chèn kontwòl dokimante) jiskaske yo konte tout bilten ak ranvwaye reyinyon eleksyon an.

Pou vote avèk VRP, yo dwe kenbe yon dosye enprime bilten yo pami dosye asosyasyon an epi yo dwe mete yo disponib sou demand.

Yo dwe konte bilten vòt yo imedyatman apre vòt la fini epi nan prezans tomwen 3 obsèvatè nan manm asanble jeneral la.

Pou vote anpèsòn, PA/PTA a dwe kenbe bilten vòt yo nan lokal lekòl la pou yon lane oswa jis lè yo jwenn yon solisyon osijè yon pwoblèm sou eleksyon an, nenpòt sa ki rive avan an.

Pou vòt VRP, PA/PTA a dwe kenbe dosye vòt nan yon reyinyon eleksyon PA/PTA ki fèt adistans pou yon lane oswa jiska desizyon pou nenpòt plent yo pote konsènan eleksyon an, kèlkeswa sa ki rive avan an.

- Eleksyon dezyèm tou

Lè de oswa plis kandida gen menm kantite vòt, yo dwe fè yon eleksyon dezyèm tou pou kandida sa yo sèlman. Lè sa posib, yo ta dwe fè eleksyon dezyèm tou nan menm reyinyon an.

#### 8. Sètifikasyon eleksyon ak konsèvasyon dosye

Yo dwe konsève rezilta eleksyon yo nan Fòm pou sètifye Eleksyon PA/PTA ke direktè a oswa reprezantan l, avan yo ranvwaye reyinyon eleksyon an. Reprezantan, ki dwe se yon anplwaye lekòl ki pa kowòdonatè paran an.

- Avèk siyati Fòm sètifikasyon eleksyon an, direktè a oswa reprezantan li sètifye ke yo te mennen pwosesis nominasyon ak eleksyon an an konfòmite avèk règleman sa a ak règleman entèn PA/PTA yo.

PA/PTA a dwe konsève fòm sètifikasyon eleksyon ki siyen an, epi klase yon kopi nan biwo direktè a ak sipèentandan apwopriye an..

Direktè a oswa kowòdonatris Paran an, oswa sit wèb prensipal lekòl la dwe mete Sistèm Enfòmasyon pou kontakte Lidè-Paran Lekòl la ajou epi mete l a dispozisyon atravè *Principals' Portal* sou 5 jou kalandriye apre eleksyon an.

#### 9. Konble pòs manm ki vid yo nan siksesyon oswa eleksyon antisipe

Lè yon manm kite pa demisyon oswa revokasyon, komite egzekitif PA/PTA a dwe avize tout manm yo alekri sou 5 jou kalandriye, epi espesifye si y ap ranpli pòs la swa avèk yon manm ki vin apre pou ranplase l oswa dapre yon eleksyon prese-prese. Konsèy egzekitif PA/PTA a kapab mande oryantasyon nan men Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) oswa sipèentandan apwopriye an.

Manm egzekitif PA/PTA kapab chwazi pou yo rete nan pozisyon san yo pa ranplase lòt manm nan yon pòs ki vid.

Yo dwe konble out pòs obligatwa ki rete vid apre lòd siksesyon an nan eleksyon antisipe.

- Pòs vid pou manm egzekitif obligatwa ki rive avan kòmansman ane lekòl la
  - Si yon PA/PTA gen youn oswa de pòs manm ki vid ke yo pa ka konble nan siksesyon avan kòmansman ane lekòl lan, manm biwo egzekitif ki

rete yo dwe fè yon eleksyon prese-prese pou konble tout pòs manm ki vid yo avan 15 oktòb.

- Si yo pa ka konble tout twa manm pòs ki vid nan siksesyon avan kòmansman ane lekòl la, direktè a dwe suiv pwosesis pou lòt retablisman PA/PTA an. (Gade Seksyon I.C.3)

b. Pòs vid pou manm ki rive avan kòmansman ane lekòl la

- Si yon pòs vin vid apre ane lekòl la epi yo pa ka konble l ak siksesyon, pwosesis eleksyon prese prese an ki souliye nan Seksyon I.E.10 dwe kontinye nan ka sa a yon manm egzekitif obligatwa ak yo rekòmande nan ka a manm ki pa obligatwa.

c. Mizajou SPLCI

Direktè a, Kowòdonatè paran, oswa sit wèb prensipal lekòl la dwe fè mizajou SPLCI nan 5 jou demisyon oswa revokasyon yon manm egzekitif obligatwa, ak nan 5 jou ankò apati lè pòs la te vid.

#### 10. Eleksyon prese-prese

Eleksyon rapid ki obligatwa pou konble pòs vid manm ki obligatwa yo pa ka konble ak siksesyon, pou tabli PA/PTA ki te sispann fonksyone nan nouvo Lekòl yo, ak reetabli sa ki te sispann fonksyone yo.

Yo dwe fè eleksyon prese-prese dapre regleman presize nan Seksyon I.E.4 atravè I.E. 8 avèk eksepsyon sa yo:

- Avi reynyon eleksyon an dwe gen ladan yon deklarasyon kote yo pral fè tout nominasyon kandida nan asanble a nan reyinyon an.
- Yon paran manm ki pa kandida pou yon pòs egzekitif ka dirije reyinyon eleksyon an. Yon reprezantan nan biwo PC apwopriye a oswa nan biwo sipèntandan an ka konseye paran prezidan an oswa prezide reyinyon an si sa nesesè.

#### 11. Aksè Lang pou eleksyon PA/PTA

Yo ta dwe fè Avi eleksyon, demand pou nominasyon, bilten vòt, ak lòt materyèl eleksyon disponib nan lang paran yo pale nan lekòl yo.

PA/PTA ka chèche èd nan men direktè a nan jwenn tradiksyon apwopriye.

#### F. Eleksyon Ekip lidèchip lekòl la

Reprezantasyon paran nan Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT) vital pou asire yo mete paran yo nan devlopman Plan Edikasyon Global (Comprehensive Educational Plan, CEP) la epibezwen ak priyorite lekòl la refilete nan objektif PA/PTA yo. Paran manm PA/PTA yo dwe chwazi reprezantan paran nan Ekip Lidèchip Lekòl la (SLT) (Gade Regleman Chanselye Chancellor's Regulation A-655).

- Eleksyon pou pòs nan SLT ka fèt pandan menm reyinyon tankou eleksyon manm yo.
- Eleksyon paran manm SLT yodwe fèt apre eleksyon manm egzekitif obligatwa: PA/PTA yo
- Eleksyon SLT yo ka suiv pwosedi pou eleksyon prese-prese yo (Gade Seksyon I.E.10).

#### **G. Kontestasyon Eleksyon**

Moun ki kwè eleksyon an pa te onèt ak lib ka soumèt yon plent pou eleksyon an nan biwo sipèentandan apwopriye, avèk yon kopi pou FACE nan ElectionGrievances@schools.nyc.gov, ak Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) apwopriye. Yo dwe depoze kontestasyon eleksyon nan lekòl yo ki kouvri plizyè nivo (tankou klas Kindergarten pou rive nan klas 12 yèm ane oswa klas 6-12yèm ane) bay sipèentandan k ap sipèvize lekòl la kèlkeswa nivo klas la epi sipèentandan an pral decide l. Paske li enpòtan pou yo detèmine rezilta eleksyon yo pou PA/PTA fonksyone suivan objektif li atan, regleman aplikab pou plent nan eleksyon yo diferan ak plent ki gen rapò avèk lòt pwoblèm ak diskisyon yo.

Yo dwe soumèt kontestasyon eleksyon yo epi reponn yo alekri, atan jan regleman an defini l la. Yo pral kenbe kontestasyon sèlman si gen yon vyolasyon materyèl ak presi swa regleman oswa lwa entèn PA/PTA yo.

##### **1. Fè yon kontestasyon Eleksyon Tout kontestasyon eleksyon**

- Yo dwe soumèt yo alekri epi yo dwe deklare non moun ki fè plent la epi mete ladan nimewo Telefòn li oswa adrès imèl kote yo ka kontakte li. Yo pa pral aksepte plent anonim ak anpèsòn oswa nan telefòn.
- Yo dwe soumèt yo pa pi ta pase 5 jou apre reyinyon eleksyon a oswa anons rezilta yo pi ta.
- Dwe plede yon vyolasyon materyèl ak presi regleman sa a oswa lwa entèn PA/PTA.

##### **2. Desizyon Kontestasyon Eleksyon Pa pi ta pase 10 jou apre resepsyon**

kontestasyon an, sipèentandan pral pibliye swa yon desizyon alekri swa yon avi kote yo te refere kontestasyon an bay FACE.

- Sipèentandan an ka mande asistans nan Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) nan envestige eleksyon an oswa pran yon desizyon.
- Si yo refere kontestasyon Eleksyon an bay FACE, yo pral rann desizyon an pa pi ta pase 10 jou apre referans lan. Desizyon FACE la final epi li angaje toulede pati yo.

### 3. Apèl desizyon Kontestasyon Eleksyon

Yo ka fè apèl desizyon sipèntandan nan FACE la. Yo dwe soumèt apèl yo alekri pa pi ta pase 5 jou apre desizyon an.

- FACE pral, nan 5 jou resevwa apèl la, piblye yon lèt k ap afime, anile, oswa chanje desizyon sipèntandan an. Yo limite Motif pou anile/chanje ak:
  - Yon move entèpretasyon regleman oswa lwa entèn PA/PTA.
  - Si w pa suiv pwosedi kontestasyon yo jan yo mete yo nan regleman sa a.
  - Nouvo enfòmasyon k ap vin disponib ki pa te la nan moman sipèntandan an t ap pran desizyon an.
- Desizyon FACE la final epi li angaje toulede pati yo. Tout desizyon yo ap disponib pou piblik la si yo mande l. Lè l apwopriye, yo pral efase enfòmasyon pou idantifye pèsònèlman desizyon piblye yo.

### H. Konprann Responsablite Manm Egzekitif PA/PTA

Manm egzekitif PA/PTA yo, ak patikilyèman twa manm egzekitif obligatwa—prezidan, sekretè pou achiv ak trezorye—responsab jesyon chak jou PA/PTA; kominike avèk manm pou enfòmasyon yo ak tandè enkyetid yo; reprezante paran nan Ekip lidèchip lekòl la; ale nan reyinyon Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC)|; ak vote pou manm Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la (Community or Citywide Education Councils).

#### 1. Enfòmasyon pou Kontakte Manm Egzekitif

##### a. Enfòmasyon nan Fòm pou sètifye eleksyon

Lè yo fin eli, manm egzekitif obligatwa yo dwe bay kontak enfòmasyon sou jan pou kontakte yo, presizeman, sou Fòm pou sètifye eleksyon an. Enfòmasyon an dwe gen ladan yon adrès imèl kote yo ka kontakte yo.

Lekòl la nan sistèm SPLCI pral antre enfòmasyon sou jan pou kontakte yo. Yo pral pataje adrès imèl avèk Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) apwopriye a.

##### b. Enfòmasyon pou manm yo

Anplis bay enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl la, PA/PTA dwe enfòmasyon manm yo ak jan pou kontakte manm Egzekitif yo. Yo dwe poste yon lis non ak pozisyon tout manm egzekitif nan lekòl la nan kòmansman ane lekòl la; apre, li dwe disponib nan biwo direktè a, nan chak reyinyon PA/PTA, ak pou manm yo si yo mande l.

Lis la dwe gen ladan:

- Yon nimewo telefòn kote yo ka kontakte PA/PTA nan lekòl la.
- Adrès imèl PA/PTA an Sa a ka swa adrès imèl PA/PTA piblye nan DOE oswa yon adrès imèl ke manm egzekitif la tabli.
  - Manm egzekitif la dwe detèmine yon pwosesis pou tcheke ak reponn imèl ke yo voye bay PA/PTA omwen yon fwa pa semèn.
- Yon adrès imèl endividyèl pou chak twa manm egzekitif obligatwa. Manm egzekitif ki pa obligatwa dwe chwazi pou bay adrès imèl yo tou.
  - Yo ka mete ladan nimewo telefòn pèsònèl yo pou chak manm.
  - Yo pa dwe mete ladan adrès lakay yo.

## 2. Kominikasyon avèk manm yo

Yo dwe itilize eksklizivman kont imèl PA/PTA an, listserv, sit wèb, kont sosyo-medya, ak tout lòt mòd kominikasyon ki lye avèk PA/PTA pou objektif PA/PTA yo.

Yo dwe itilize mòd kominikasyon sa yo nan pou apiye yon kandida endividyèl oswa yon gwoup kandida nan nenpòt eleksyon.

## 3. Trening

Manm ki fenk eli yo responsab pou familiarize tèt yo avèk regleman sa a ak lwa entèn PA/PTA pou byen konprann wòl yo. Pou pi byen konprann kisa y ap atann, manm yo ta dwe disponib pou opòtinite trening ke Konsèy Prezidan lan, sipèntandan an, ak FACE ap bay.

## 4. Responsablite Prezidan PA/PTA

Prezidan PA/PTA a se yon manm obligatwa Ekip lidèchip lekòl ( School Leadership Team, SLT) ak yon manm distri/borough Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) la. Anplis sèvis ki presize nan lwa entèn biwo prezidan an, prezidan PA/PTA yo dwe pran responsablite yo ki nan manm òganizasyon sa yo.

### a. Konsèy Prezidan (Presidents' Council, PC)

Prezidan PA/PTA an se otomatikman Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) an.

- Ko-prezidan yo dwe deside ki moun ki pral sèvi nan Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC).
- Si Prezidan an pa ka sèvi nan Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC), li dwe nonmen yon reprezantan pou sèvi pito. Reprezantan an.
  - Li dwe yon manm PA/PTA.

- Yon vòt manm dwe apwouve l. Lè li fin apwouve, prezidan ki nonme l san yon vòt manm pa ka revoke l.
- Li dwe bay yon adrès imèl pèsònèl pou Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC).
- Manm Konsèy Prezidan—si prezidan oswa reprezantan PA/PTA —dwe ale nan reyinyon konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) yo regilyèman, kominike enfòmasyon nan reyinyon sa yo avèk manm PA/PTA yo, ak mande kòmantè pou pataje avèk Prezidan konsèy (Presidents' council, PC) an.
- Yon manm Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) ki pa ka ale nan yon reyinyon Konsèy Prezidan an ta dwe fè efò pou yon manm PA/PTA pou ale nan plas li.

b. Ekip lidèchip lekòl

Prezidan PA/PTA an se yon manm egzekitif obligatwa Ekip lidèchip lekòl la (SLT). an. (Gade Règleman Chansely A-655 Chancellor's Regulation (CR A-655) Prezidan PA/PTA responsab kominikasyon avèk manm yo pou enfòmasyon yo diskite nan reyinyon SLT, ki gen ladan CEP ak opinyon piblik sou bidjè nan sistèm bidjetizasyon Galaxy DOE.

- Nan ka ko-Prezidan yo, manm PA/PTA ki rete yo dwe deside ki moun k ap vin manm SLT.
- Si Prezidan an pa ka sèvi nan SLT, li dwe nonmen yon reprezantan pou pozisyon an. Manm yo dwe apwouve reprezantan an.

**I. Lwa entèn PA/PTA**

Lwa entèn se dokiman ki tabli ak gouvènè PA/PTA. Tout PA/PTA dwe genyen lwa entèn; yo pa ka sispann lwa entèn epi yo ta dwe amande l peryodikman pou reflekte bezwen ak chanjman imedyà PA/PTA nan regleman sa a.

Si pa gen lwa entèn, swa poutèt yo poko adopte yo oswa yo pa ka lokalize yo, dokiman k ap gouvènè PA/PTA an pral rete regleman sa ak Regleman Robert ki fenk Revize Robert's Rules of Order Newly Revised, si yo pa an konfli avèk regleman sa yo.

1. Lwa entèn PA/PTA dwe gen ladan bagay sa yo:

- Non òganizasyon
- Yon deklarasyon objektif
- Kondisyon pou vin manm
- Lis manm, ki gen ladan sèvis ak dire manda (si genyen)

- Pwosesis pou suiv pou fè eleksyon
- Konpozisyon biwo egzekitif, pwosesis pou fikse jou ak lè reyinyon, ak kowòm.
- Jou ak lè reyinyon asanble jeneral, ak pwosesis pou konvoke reyinyon asanble jeneral espesyal
- Tout komite pèmanan ak sèvis yo
- Responsablite reprezantan paran nan SLT
- Pwosesis kote yo pral fè afè finansye
- Yon pwosesis pou amande Lwa entèn
- Yon pwosesis sou kòman ak ki kote yo pral fè reyinyon asosyasyon yo.

## 2. Tabli Lwa entèn

Nan nouvo lekòl ak lekòl kote yo pa ka jwenn lwa entèn, tabli lwa entèn PA/PTA dwe se premye lòd biznis apre manm egzekitif obligatwa—yo fin eli prezidan, sekretè pou achiv ak trezorye—.

Yo ka itilize Modèl Règleman entèn PA/PTA, disponib nan sit wèb DOE, pou kreye yon pwojè inisyèl regleman entèn pou manm yo soumèt pou adopte. Sa a ka rive nan reyinyon pou tabli oswa reyetabli PA/PTA apre eleksyon manm yo; nan altènatif, konsèy ekzekitif ki fenk monte an ka dirije yon pwojè regleman ak konvoke yon reyinyon Asanble jeneral espesyal kote yo pral adopte lwa entèn yo.

## 3. Revize ak amande lwa entèn

PA/PTA dwe revize, ak si nesèsè amande lwa entèn yo chak twa zan ak nenpòt lè yo te revize regleman sa a.

- Apre revizyon, yo dwe adopte ankò lwa entèn yo avèk yon vòt manm kèlkeswa kote yo fè amandman an.
- Paj tit lan dwe montre dat apwobasyon manm yo ak siyati prezidan PA/PTA a ak sekretè dosye an nan moman adopsyon an.

## 4. Konfòmeman ak Règleman Chanselye A-660

Regleman sa a se premye dokiman k ap gouvène tout PA/PTA yo. Nan ka kote règleman entèn PA/PTA gen pwovizyon ki an konfli avèk règleman sa a:

- Yo pral anile pwovizyon an ak pa valide l, epi y ap kalifye langaj regleman sa a detèminan.
- Mosyon ka amande pwovizyon an nan nenpòt reyinyon asanble jeneral. Tout manm PA/PTA ka fè yon mosyon, yo dwe vote nan menm reyinyon an, epi mande apwobasyon pou 2/3 manm prezan yo.

- Tout lòt pwovizyon ki pa an konfli avèk règleman sa ap rete valid ak anvigè.

FACE gen dwa pou revize ak apwouve règleman entèn PA/PTA a.

#### 5. Konsèvasyon dosye ak mete lwa entèn yo disponib

Yo dwe kenbe orijinal la, lwa entèn PA/PTA ak siyati nan lokal lekòl la. Yon kopi dijital lwa entèn yo ta dwe disponib pou pataje avèk manm asosyasyon an.

Yo dwe bay direktè a yon kopi, ki dwe asire vèsyon kouran an disponib nan biwo l.

Komite egzekitif PA/PTA dwe mete yon kopi règleman entèn li yo disponib nan chak reyinyon ak pou manm yo si yo fè yon demann rezonab.

Lè sa posib, yo dwe fè lwa entèn yo disponib nan tout lang paran yo pale. Modèl Lwa entèn yo disponib sou Sit wèb DOE nan tout lang Regleman Chanselye A-663 (Chancellor's Regulation A-663) kouvri. Si nesèsè, direktè a dwe ede komite egzekitif PA/PTA nan asire yo fè tradiksyon lwa entèn disponib yo pou tout paran.

### J. Òganizasyon Reyinyon PA/PTA

PA/PTA dwe fè omwen 9 reyinyon asanble jeneral pou manm yo pandan yon ane lekòl. Yo ta dwe fè reyinyon komite egzekitif sou baz chak mwa pandan ane lekòl la. Sofsi ta gen lòt endikasyon pi ba a, menm regleman yo aplike pou konvokasyon reyinyon asanble jeneral ak komite egzekitif la.

#### 1. Jou ak lè reyinyon

##### a. Reyinyon asanble jeneral pou manm yo

Règleman entèn PA/PTA dwe presize dat ak lè y ap fè reyinyon asanble jeneral pou manm yo (paegzanp, dènye madi nan mwa a a 7:00 pm) ak yon fason pou pwograme reyinyon endividyèl si nesèsè pou ogmante prezans.

Nan kòmansman chak ane lekòl, biwo egzekitif la dwe fè yon sondaj avèk paran manm yo pou detèmine jou, lè, lokal, ak fòm a (an-pèsòn, vityèl, oswa miks) pou reyinyon asanble jeneral pou manm yo chak mwa.

Biwo egzekitif la dwe detèmine kapasite pou fè reyinyon yo nan itilize yon fòm patikilye avan prezante nan asanble jeneral manm yo pou apwobasyon. Si PA/PTA pa ka fè reyinyon asanble jeneral pou manm yo swa nan yon fòm vityèl oswa fòm miks, li dwe kontinye fè reyinyon yo anpèsòn.

##### b. Reyinyon komite egzekitif

Lwa entèn PA/PTA dwe gen ladan yon fason pou pwograme reyinyon komite egzekitif la chak mwa. Sa a ka fèt yon jou ak yon lè presi (paegzanp, premye Madi chak mwa vè 6:00 pm), oswa yon delè kote komite egzekitif la dwe piblye yon orè reyinyon pou ane lekòl kounye a.

c. Reyinyon espesyal

Yo ka fè reyinyon espesyal pou manm yo oswa komite egzekitif la pou pale sou sijè enpòtan ke yo pa ka ranvwaye pou pwochen reyinyon regilye yo pwograme a. Reyinyon espesyal yo ta dwe suiv menm pwosedi jan yo pwograme reyinyon yo regilyèman, sof yo dwe bay yon preavi 48 èdtan.

2. Avi pou reyinyon

a. Delè avi

Yo dwe afiche avi alekri nan lekòl la epi voye yo bay manm yo omwen 10 jou nan kalandriye an avan reyinyon an dapre mwayen yo kalkile pou kontakte paran (tankou imèl, sakodo, kourye postal, ak/oswa yon aplikasyon mobil yon tyès pati). Plizyè mwayen kominikasyon (tankou apèl otomatik) ka nesèsè pou asire yo avize tout paran yo.

Pou reyinyon espesyal jan sa te dekri nan Seksyon I.J.1.c) pi wo a, yo ka fè avi a pi kout pou 48 èdtan.

b. Responsablite pou kreye ak distribye avi reyinyon yo

Komite egzekitif PA/PTA an responsab pou ekri tout avi reyinyon ak soumèt yo bay direktè a ak kowòdonatè paran an atan pou distribisyon bay tout manm yo jan yo bay sa nan Seksyon I.J.2.a pi wo a.

Yo ta dwe mete avi pou reyinyon yo disponib nan lòt lang paran yo pale nan lekòl la. PA/PTA ta dwe itilize Modèl Avi disponib nan sitwèb DOE ak ta dwe chèche asistans nan men direktè a nan jwenn tradiksyon apwopriye.

Direktè oswa kowòdonatè paran an dwe distribye tout avi a byen vit pou otorize PA/PTA konfòme yo avèk delè avi a.

3. Adrès Reyinyon yo

Tout reyinyon asanble ak reyinyon komite egzekitif la dwe fèt yon fason ki pral ogmante prezans ak ankouraje patisipasyon manm li yo. Reyinyon yo ka fèt anpèsòn, miks, oswa vityèl.

- Si gen yon kote apwopriye ki gen aksè pou moun ki gen andikap egziste nan lekòl la, yo dwe fè reyinyon anpèsòn oswa miks yo kote sa a.
- Yo ka fè reyinyon yo vityèl sou yon platfòm ki otorize yon opsyon pou konpoze nimewo.
- Yo dwe konvoke reyinyon miks yo fizikman nan bilding lekòl la. Lwa entèn PA/PTA ka bay manm k ap patisipe adistans yo pèmisyon pou konte yo nan kowòm lan epi otorize yo vote, nan itilize pwotokòl vòt pou reyinyon vityèl/miks.

- Yo ka fè reyinyon komite yo yon fason vityèl oswa nan lokal ki konvab pou manm yo.

#### 4. Fè reyinyon yo

Sofsi jan sa presize nan regleman sa a oswa lwa entèn PA/PTA, reyinyon PA/PTA dwe fèt dapre *Robert's Rules of Order ke yo fèk revize a*.

Prezidan PA/PTA a ta dwe prezide tout reyinyon asanble jeneral manm yo ak komite egzekitif yo. Lwa entèn PA/PTA a dwe presize ki moun k ap dirije reyinyon an si prezidan an pa la. Nan okenn sikonstans, direktè a oswa kowòdonatè paran an pa ka dirije yon reyinyon PA/PTA.

#### 5. Kowòm

##### a. Reyinyon asanble jeneral pou manm yo

- Kondisyon pou kowòm pou reyinyon tout asanble tout jeneral pou manm yo se yon minimòm 8 manm nan PA/PTA, tankou omwen 2 manm egzekitif ak 6 paran manm. Omwen 1 manm biwo egzekitif la dwe prezan nan lekòl la pou fè yon reyinyon nan yon fòma miks.

Lè pa gen kowòm, yon PA/PTA pa ka otorize depans lajan ni vote sou okenn sijè men li ka fè diskisyon ki pa mande pou pran angajman.

- Komite egzekitif PA/PTA a ka chèche asistans nan men kowòdonatè paran lekòl la, konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) apwopriye a, oswa sipèntandan an pou amelyore prezans lè efò PA/PTA a pou jwenn moun pa rive bay kowòm nan reyinyon asanble jeneral pou manm yo.

Nan kèk sikonstans, yon PA/PTA ka mande FACE yon eksepsyon nan kondisyon kowòm minimòm lan.

##### b. Reyinyon komite egzekitif

Yo dwe presize kondisyon kowòm pou reyinyon komite egzekitif nan lwa entèn PA/PTA yo.

#### 6. Prezans ak patisipasyon

##### a. Reyinyon asanble jeneral pou manm yo

Reyinyon asanble jeneral pou manm PA/PTA dwe fèt pou tout moun epi li dwe ouvri pou tout piblik la dapre Lwa Edikasyon Eta Nouyòk, seksyon § 414.

Moun ki pa manm PA/PTA yo ka patisipe nan reyinyon asanble jeneral manm yo kòm obsèvatè, men yo ka patisipe sèlman nan diskisyon yo si yo gen konsantman prezidan an oswa moderatè rankont lan.

b. Reyinyon komite egzekitif

Tout manm PA/PTA gen dwa ale nan reyinyon komite egzekitif lan. Lwa entèn yo ta dwe konsidere nan ki limit manm yo ka patisipe nan diskisyon yo.

Moun ki pa manm PA/PTA a ka patisipe nan reyinyon konsèy egzekitif la sèlman si yo gen akò konsèy egzekitif la.

7. Minit

Yo dwe drese pwosè vèbal nan tout reyinyon asanble jeneral pou manm yo.

- Yo dwe distribye yon kopi pwosè vèbal nan pwochen reyinyon k ap fèt pou revize l ak apwouve l.
- Règleman entèn PA/PTA a ka bay plis enfòmasyon sou pwosedi ak ekipman yo otorize pou drese rapò a.
- Yo pa bezwen fè pwosè-vèbal nan reyinyon komite ak nan reyinyon komite egzekitif la, men prezidan an dwe apwouve mizajou regilye yo nan reyinyon asanble jeneral yo.
- Pou reyinyon vityèl oswa miks, PA/PTA ta dwe kenbe yon dosye videyo ak/oswa odyo reyinyon an.

**K. Konsèvasyon ak Transfè Dosye PA/PTA**

Yo dwe kenbe tout dosye PA/PTA, kèlkeswa an papye oswa fòm elektwonik, nan bilding lekòl yo.

1. Ki dosye yo dwe kenbe epi pou konbyen tan

Yo dwe kenbe dosye PA/PTA sa yo pou 6 ane: regleman entèn yo ak amannman ki gen rapò avèk yo; avi sou reyinyon, agenda ak pwosè-vèbal, dosye eleksyon manm ki pa bilten ak dosye finansye. (Gade Seksyon III pou plis enfòmasyon sou jan y ap kenbe dosye finansye yo).

Yo ta dwe kenbe lòt dosye PA/PTA depi gen bezwen. yo dwe kenbe dosye PA/PTA yo itilize nan yon aksyon legal pou tout peryòd aksyon legal la dire.

Yo dwe pote atansyon espesyal pou asire yo dokiman yo kreye nan fòm elektwonik rete disponib ak aksesib, swa nan fòm elektwonik swa sou papye, pou peryòd tan ki obligatwa a.

2. Transfè dosye

Nan fen manda yo, komite egzekitif ki prale yo dwe asire yo transfere tout dosye (tankou elektwonik) bay komite egzekitif ki fenk eli a. Transfè dosye a dwe fèt nan lokal lekòl la, an prezans direktè a, pi vit posib aprè eleksyon an.

Komite egzekitif ki prale a pa dwe kenbe okenn dosye PA/PTA ki gen enfòmasyon pou kontakte manm PA/PTA yo (paegzanp lis imèl) oswa enfòmasyon yo ka itilize pou gen aksè nan kont PA/PTA yo ( non itilizatè ak modpas, ak PIN nimewo kont).

### 3. Responsablite Chak manm

Avan chak manda manm yo fini:

- Prezidan an dwe bay prezidan ki fenk eli an enfòmasyon pou login pou tout kont PA/PTA (paegzanp, imèl, sit wèb, lis manm, bank ak lòt dosye finansye), ansanm avèk modpas konpitè PA/PTA ak tout lòt kle pou biwo, klasè ak kòfrefò.
- Sekretè dosye an dwe fè aranjman pou bay sekretè dosye ki fenk eli an Lwa entèn PA/PTA, avi pou reyinyon, ajanda, ak pwosè vèbal ki soti nan toulede reyinyon komite egzekitif ak reyinyon asanble jeneral manm yo,
- Trezorye an dwe fè aranjman pou bay trezorye ki fenk eli an tout dosye finansye PA/PTA, EIN lan ak enfòmasyon yo bezwen pou gen aksè nan bank ak lòt kont finansye, ansanm avèk enfòmasyon sou metòd kontablite ak konsèvasyon dosye finansye PA/PTA te itilize.

#### L. Dwa ak Responsablite PA/PTA

Menmsi PA/PTA travay ansanm avèk lidè lekòl yo, motivasyon pèsònèl la dwe se règ la, li pa sipoze eksepsyon an lè w ap pale osijè jesyon PA/PTA. PA/PTA responsab pou pwòp aksyon yo ak pou fè pwòp biznis yo. Direktè an, Kowòdonatè paran, ak lòt ofisyèl lekòl yo pa dwe entèfere, dirèkteman oswa endirèkteman, nan afè entèn PA/PTA, ki gen ladan eleksyon manm yo ak alokasyon finansman.

#### 1. Aksè nan enfòmasyon ak kominikasyon avèk direktè an

Kominikasyon regilye ant direktè an ak PA/PTA esansyèl pou PA/PTA atenn objektif li. Sof nan sitiyasyon ki mande aksyon prese-prese, PA/PTA dwe jwenn enfòmasyon yon fason ki pèmèt yo tande kesyon ki afekte lekòl. Nenpòt lè sa posib, direktè lekòl yo dwe pale avèk paran nan chak etap inisyativ planifikasyon pou lekòl la.

##### a. Komite egzekitif PA/PTA an gen dwa jwenn nan men direktè an:

- Dapre demann, enfòmasyon konplè sou pwogram egzamen ak done sou akonplisman elèv.
- Pa pi ta pase 15 oktòb chak ane, yon rapò alekri sou tout aktivite fundraising lekòl la, ki gen ladan lajan ki rantre ak lajan ki depanse, pou chak mwa ane ki pase a, ansanm avèk tout rantre lajan yo prevwa y ap fè nan ane lekòl la.
- Pa pi ta pase 15 desanm chak ane, yon rezime plan sekirite lekòl la, kòd disiplin ak plan prezans lekòl la.

- Enfòmasyon ki gen rapò avèk bidjè lekòl la, ladan Plan edikasyon global (*Comprehensive Educational Plan*, CEP) ak yon fason pou piblik la wè bidjè ki soti nan sistèm bidjè Galaxy DOE a, disponib sou pòtal lekòl la.
- Kopi apwopriye Regleman Chanselye a

b. Kominikasyon avèk direktè an

Direktè a dwe rankontre omwen yon fwa pa trimès avèk konsèy egzekitif PA/PTA an. Yo dwe satisfè kondisyon sa a nan fè direktè an ale nan tout oswa kèk reyinyon komite egzekitif regilye yo. Sijè pou diskisyon ka gen ladan:

- Fikse objektif pou lekòl ak PA/PTA yo.
- Planifye pou aktivite ramase lajan (Fundraiser) PA/PTA a.
- Revize rapò pwovizwa ak rapò finansye anyèl PA/PTA
- Pwoblèm bilding, ki gen ladan bagay k ap afekte byennèt ak sante elèv.
- Nan bilding ki gen plis pase pase yon lekòl, komite egzekitif tout PA/PTA nan bilding la ka chwazi pou fè reyinyon an komen\ pou pale avèk direktè yo sou pwoblèm bidjè.

2. Poste ak distribye avi ak materyèl PA/PTA.

PA/PTA gen dwa pou mande asistans nan men direktè pou distribye enfòmasyon ak materyèl bay paran.

a. Distribisyon pou manm PA/PTA

Dapre Lwa sou dwa pou edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), lekòl yo pa ka bay PA/PTA a non, adrès ni okenn lòt enfòmasyon kontak elèv oswa paran san konsantman paran an alekri.

Pou asire avi pou reyinyon PA/PTA ak enfòmasyon ka rive jwenn tout paran yo, direktè a dwe bay PA/PTA asistans nan distribye materyèl. Plizyè mwayen kominikasyon (tankou imèl, apèl otomatik, sakodo, kourye postal, ak/oswa yon aplikasyon mobil yon tyès pati ke lekòl la te itilize) ka nesesè.

Direktè yo dwe fasilite distribisyon sondaj pou manm PA/PTA ke yo mande ak ankouraje dapre regleman sa a.

Komite egzekitif la dwe asire nenpòt enfòmasyon sou kontak manm PA/PTA a genyen yo pwoteje yo pou pa divulge yo epi ke yo itilize sèlman pou rezon ki lejitim, ofisyèl PA/PTA, men se pa pou kominikasyon pèsònèl.

b. Poste materyèl PA/PTA

PA/PTA gen dwa pou yo afiche materyèl ki enprime nan lekòl la nan plas kote direktè aendike pou sa ansanm avèk sou sit wèb lekòl la.

Pou materyèl ki afiche nan lekòl la, kote yo endike a dwe vizib pou paran lè y ap rantre nan bilding lan.

PA/PTA gen dwa afiche avi pou reyinyon nan sitwèb lekòl la, epi li ka soumèt yon demand pou direktè an afiche enfòmasyon anplis sou sitwèb la, tankou lwa entèn, deplyan ak bilten.

c. Pou distribye materyèl konvnab yo

Materyèl pou afiche oswa distribye gen dwa genyen tèks enprime tankou edisyon espesyal, bilten, feyè, avi, pankat, sondaj ak bouton. Tout materyèl yo te afiche nan lekòl la oswa sou sitwèb lekòl la, oswa te distribye bay elèv ak paran yo dwe konvnab ak apwopriye

Pami materyèl konvnab ki pa apwopriye, ou jwenn materyèl ki difamatwa, ki gen betiz oswa ki pa apwopriye pou laj timoun yo, oswa ki deranje pwosesis edikasyon an.

Direktè a dwe gade pou wè si materyèl yo konvnab ak apwopriye pou ka afiche oswa distribye tout materyèl PA/PTA, men direktè a oswa lòt manm estaf lekòl la pa ka piblye oswa sansire yo.

- Direktè a dwe pran yon desizyon nan 24 èdtan lè yo resevwa materyèl la pou distribye l oswa afiche l.
- PA/PTA a ka fè apèl pou desizyon direktè a bay sipèentandan ki apwopriye a.

Direktè lekòl la pa dwe gen non li ni siyati li anba okenn materyèl PA/PTA.

3. Itilizasyon Lokal Lekòl

a. Itilizasyon bilding lekòl la lè lekòl la pa p ffonksyone

PA/PTA gen dwa pou itilize bilding lekòl la gratis, kote y ap gen sekirite lekòl ak ajan sekirite, pou 110 èdtan pou yon ane nan lè ki pa lè lekòl. Komite egzekitif la responsab pou jwenn pèmi nesèsè yo.

- Lè sa yo pou itilizasyon eksklizif PA/PTA epi yo pa ka transfere yo bay lòt gwoup oswa òganizasyon.
- Yo ka itilize 110 èdtan yo pandan 12 mwa ane a, yo ka woule èdtan yo pa ka itilize mwa pa mwa men y ap fini nan fen ane lekòl la.
- Si gen plis pase yon lekòl a. nan bilding lan, chak PA/PTA gen dwa pou l gen tout 110 èdtan gratis pa ane.
- PA/PTA kapab chaje frè admisyon oswa resevwa don, kontribisyon, oswa fè kèt pou pwogram oswa aktivite yo patwone nan lekòl la-nan lè lekòl la p ap ffonksyone, an konfòmite avèk règleman entèn yo ak Règleman Chanselye D-180.

- Dapre Regleman Chanselye D-130, yo entèdi pou PA/PTA fè fowòm kandida pou okenn òganizasyon politik oswa òganizasyon kominotè PA/PTA kapab fè fowòm kandida sèlman pou eleksyon manm egzekitif yo.

b. Itilizasyon bilding lekòl la lè lekòl la ap fonksyone

PA/PTA ki vle itilize bilding lekòl la pandan lekòl la ap fonksyone dwe jwenn otorizasyon direktè a. Itilizasyon bilding lekòl la pandan lekòl la ap fonksyone pa konte nan 110 èdtan gratis pa ane an.

c. Resous pou Itilizasyon PA/PTA

Lè sa posib, direktè lekòl la dwe mete yon sal oswa yon espas pou PA/PTA itilize. Yo dwe bay Komite egzekitif labagay sa yo:

- Yon kote ki fèm pou mete dosye PA/PTA a.
- Itilizasyon yon konpitè ki gen kapasite videyo ak odyo ak aksè nan entènèt.
- Èd pou enprime avi, ajanda, pwosè-vèbal ak materyèl eleksyon ki obligatwa dapre regleman sa a (egzanp bilten).
- Aksè ki rezonab nan sèvis fotokopi.
- Kapasite pou resevwa kouirye postal nan lekòl la, tankou yon lokasyon ansekirite pou mete lèt postal.

**M. Sipò ak responsablite Distri/Borough**

1. Konsèy Prezidan (PC)

PA/PTA ka mande asistans oswa oryantasyon nan men Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) sou tout aspè travay yo. Komite egzekitif PA/PTA, yon manm endividyèl oswa yon manm ka fè yon demand asistans , sepandan, konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) dwe enfòm komite egzekitif PA/PTA:sou demand lan avan yo pran tout aksyon.

2. Biwo Distri/Borough

Chak biwo Distri/Borough gen ladan yon manm estaf lekòl la ki espesyalman chaje ki gen sipò lidè paran yo. PA/PTA ka mande asistans oswa oryantasyon nan men manm estaf lekòl sa a sou tout aspè travay yo.

**N. Fundraising**

Yo pèmèt PA/PTA fè *Fundraising*. Gade seksyon III pou enfòmasyon ki pi detaye konsènan *fundraising* ak lòt zafè finansye.

## II. KONSÈY PREZIDAN

Konsèy Prezidan se òganizasyon paran endepandan ki bay paran pouvwa ak bay PA/PTA èd nan nivo distri, borough oswa vil la. Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) dwe solisite patisipasyon ak sipò nan men manm PA/PTA. Konsèy Prezidan dwe respekte tout lwa, politik, règ ak règleman òganizasyon ak fonksyon yo yon fason pou respekte dwa elèv, paran ak estaf. Konsèy Prezidan dwe gen lwa entèn pou kreye yon estrikti fòmèl.

### A. Mizanplas ak Fason pou Remete Konsèy Prezidan sou pye

Sipèentandan apwopriye a responsab pou etabli ak asire kontinuite Konsèy Prezidan nan tout distri lekòl kominote yo pou lekòl primè ak lekòl presegondè, nan borough yo pou lekòl segondè, ak nan Vil la pou Distri 75. Yo dwe remete yon Konsèy Prezidan sou pye si li te sispann fonksyone.

1. Rezon pou Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) pa fonksyone ankò
  - a. Si li pa rive eli yon prezidan avan 30 septanm
    - Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) pa p fonksyone ankò si li pa fè eleksyon oswa pa rive mete omwen prezidan an avan 30 septanm.
  - b. Si yo pa konble pòs vid pou yon manm egzekitif obligatwa atan.

Konsèy Prezidan ap sispann fonksyone si li pa fè eleksyon atan pou konble yon plas vid nan youn oswa plis pòs ofisyèl obligatwa yo nan 60 jou kalandriye a apati demisyon oswa revokasyon manm egzekitif la.

- Manm egzekitif obligatwa Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) yo se prezidan ak sekretè dosye. Si Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) gen yon kont bank, li dwe genyen tou yon trezorye.
  - Lwa entèn Konsèy Prezidan(Presidents' council) ka bay manm egzekitif anplis.
- c. Si yo pa fè aktivite

Konsèy Prezidan a sispann fonksyone si li pa fè reyinyon pandan 60 jou yonn dèyè lòt pandan ane lekòl la. Yo defini Konsèy Prezida kòm reyinyon komite egzekitif la oswa reyinyon asanble jeneral.

2. Notifikasyon sipèentandan an fè.

Si PC a sispann fonksyone, sipèentandan an dwe avèti FACE rapidman.

3. Rankontre prezidan PA/PTA yo pou reetabli Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC).
  - a. Sipèentandan an dwe konvoke yon reyinyon prezidan PA/PTA yo kote yo pral fè yon eleksyon pou reetabli Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC).
  - b. Sipèentandan an dwe voye alekri bay tout prezidan PA/PTA yo omwen 10 jou avan reyinyon an.
  - c. Yo dwe fè reyinyon an pa pi ta pase 15 jou apre sipèentandan an avize FACE.

## B. Manm Konsèy Prezidan

### 1. Detèminasyon elijiblite manm estaf lekòl la

- a. Tout prezidan PA/PTA nan distri oswa borough a otomatikman elijib pou vin manm nan PC ki nan jiridiksyon pa yo yo chak. Chak PA/PTA gen dwa pou gen sèlman yon reprezantan nan nenpòt Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC).
  - Si yon PA/PTA gen ko-prezidan, ko-prezidan yo dwe deside kiyès ki pral sèvi kòm manm Konsèy Prezidan.
  - Lekòl ki kouvri plizyè nivo klas (paegzanp., K-12, 6-12) gen dwa pou vin manm nan toulede distri a ak Konsèy Prezidan borough an.

- Sofsi lekòl yo gen ko-Prezidan nan diferan nivo klas, prezidan PA/PTA dwe ale nan toulede reyinyon yo distri a ak konsèy Prezidan borough an oswa chwazi yon reprezantan pou reprezante lekòl la nan Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) li ale an.

### b. Delege

- Si prezidan PA/PTA an pa ka patisipe nan reyinyon Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) yo, yo dwe chwazi yon delege pou sèvi nan Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) nan plas prezidan an. Tout delege yo:
  - Yo dwe se manm PA/PTA.
  - Prezidan an ka nonme delege yo men yon vòt dwe apwouve yo nan reyinyon asanble jeneral pou manm yo, ki anrejisre nan pwosè vèbal reyinyon an kote vòt la te fèt la.
  - dwe site Fòm PA pou sètifye Eleksyon PA/PTA a.
  - Sèlman reprezantan PA/PTA yo nan Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC), avèk bon jan dwa vòt.
  - Lè yo fin apwouve, yon vòt manm sèlman ka revoke delege yo.

### c. Restriksyon pou manm Konsèy Prezidan yo

Anplwaye DOE pa ka nan Konsèy Prezidan pou distri oswa borough kote yo anplwaye a.

### 2. Patisipasyon Manm Konsèy Prezidan yo

#### a. Kotizasyon

Tandiske pèman kotizasyon pa ka yon kondisyon oswa patisipasyon an, yon Konsèy Prezidan ka chwazi pou mande kotizasyon manm PA/PTA yo. Si yon PC planifye pou mande kotizasyon, li dwe eli dabò yon trezorye(revize lwa entèn yo si nesèsè) ak ouvri yon kont labank.

#### b. Konfli Enterè

Lwa sou konfli enterè yo etabli pou PA/PTA ak pou manm egzekitif PA/PTA nan Seksyon I.C.3.c aplike menm jan an tou pou Konsèy Prezidan ak manm egzekitif Konsèy Prezidan.

### C. Eleksyon Konsèy Prezidan manm egzekitif yo

Konsèy Prezidan yo dwe fè yon sèl reyinyon anyèl anpèsòn oswa vityèl (miks la se pa yon opsyon) pou nonmen manm eli yo. Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) dwe chèche asistans nan men sipèntandan apwopriye nan fè eleksyon yo.

#### 1. Manda

Manm Konsèy Prezidan yo eli pou yon manda yon lane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.

#### 2. Kalandriye Eleksyon

Yo ta dwe fè eleksyon pou Konsèy Prezidan apati 30 jen, men pa pi ta pase 30 septanm. Yo ta dwe mete dat reyinyon eleksyon an pou pèmèt PA / PTA jwenn ase opòtinite pou eli manm egzekitif yo epi deside kiyès y ap voye kòm reprezantan yo nan Konsèy Prezidan yo.

#### 3. Sipò ak Notifikasyon Sipèntandan an

Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) dwe avize sipèntandan apwopriye a dat ak lè eleksyon an avan 1ye jen.

- Si yo pa avize sipèntandan apati 1ye jen, sipèntandan an pral mande dat ak lè eleksyon anyèl lan nan men prezidan Konsèy Prezidan an.
- Si eleksyon an pa fini nan dat 30 jen, sipèntandan an pral bay asistans nesèsè pou asire eleksyon an fini avan 30 septanm.

#### 4. Avi sou reyinyon pou eleksyon

Yo dwe voye yon Avi alekri sou reyinyon eleksyon an bay tout paran nan omwen 10 jou nan kalandriye a avan eleksyon an .

- Komite egzekitif Konsèy Prezidan an dwe kreye avi an atan pou asire l li distribye l bay tout reprezantan ak delege PA/PTA omwen 10 jou avan reyinyon eleksyon an.

Komite egzekitif la ka chèche asistans bò kote sipèntandan apwopriye a pou asire avi a ale jwenn tout manm Konsèy Prezidan yo. Sipèntandan dwe distribye avi a byen vit.

- Avi sou reyinyon pou eleksyon an dwe fèt alekri ak dwe gen ladan:
- Dat, lè ak adrès eleksyon an.
- Yon lis tout pòs ki vid yo nan eleksyon an.
- Yon deklarasyon ki di y ap aksepte tout nominasyon kandida pou eleksyon an.
- Dire manda a, si li nan règleman entèn yo.
- Dat yo te distribye avi a bay manm yo.
- Fòm reyinyon (anpèsòn oswa VRP)

5. Detèmine elijiblite moun k ap vote ak kandida.
  - a. Elijiblite Kandida
 

Prezidan oswa Ko-prezidan PA/PTA ke yo eli pou manda ane lekòl la, ak delege yon vòt asanble jeneral manm lan apwouve elijib pou poze kandidati yo.
  - b. Elijiblite moun k ap vote
 

Tout moun ki se manm Konsèy Prezidan an nan moman eleksyon an elijib pou vote.

Moun k ap vin manm nan ane lekòl k ap vini an pa ka elijib pou vote.
  - c. Verifikasyon kandida ak moun k ap vote
 

Kandida ak moun k ap vote yo dwe prezante dokiman lwa entèn yo jan prezidan PA/PTA oswa delege yo nan moman y ap fè eleksyon Konsèy Prezidan yo. Kote Fòm pou sètifye eleksyon an oswa lèt delege yo pa disponib, yon deklarasyon siye ke kandida a oswa moun k ap vote an eli kòrèkteman prezidan PA/PTA oswa delege an ke yo ka ranplase.

    - Yo pral diskalifye kandida ak moun k ap vote ki bay yon deklarasyon siye si yo pa voye yon Fòm pou sètifye eleksyon nan Konsèy Prezidan yo oswa lèt reprezantan an k ap ateste elijiblite nan 5 jou eleksyon an.
      - Lè diskalifikasyon yo chanje rezilta yo, yo dwe fè nouvo eleksyon.
    - Sipèntandan apwopriye an dwe ede Konsèy Prezidan yo nan jwenn Fòm pou sètifye eleksyon ak lèt delege nesèsè yo.
6. Òganize eleksyon Konsèy Prezidan yo
 

Yo dwe òganize tout Konsèy Prezidan yo tankou eleksyon prese-prese. (Gade Seksyon I.E.10) Yon paran manm ki pa kandida pou yon pòs ta dwe dirije reyinyon eleksyon an. Yon reprezantan nan biwo sipèntandan apwopriye an ka konseye prezidan an oswa prezide reyinyon an si sa nesèsè.

  - a. Nominasyon
 

Yo dwe fè tout nominasyon kandida nan asanble a nan reyinyon pou eleksyon an.
  - b. Deklarasyon kandida yo
 

Tout kandida dwe gen opòtinite pou pale avèk manm yo apre yo fèmen nominasyon yo ak avan vòt lan kòmanse. Si yon kandida pa la, yon lòt manm ka li deklarasyon kandida a.
  - c. Vòt
 

Tout moun dwe vote anpèsan oswa nan fason vityèl. Ou pa kapab fè yon lòt moun vote pou ou ni ou pa ka vote lè w pa la.

    - Pòs ke yo pa konteste
      - Lè gen yon sèlman yon sèl kandida pou yon pòs, asanble a ka vote pou aksepte kandida sa a avèk yon mosyon. Yo dwe mete rezilta mosyon an nan pwosèyèbal yo.

- Pòs ke yo konteste
  - Lè gen plis pase yon kandida pou yon pòs, yo dwe vote avèk bilten.
  - Pou vote anpèsòn, bilten yo dwe rete nan sal reyinyon an jiskaske yo konte tout bilten ak ranwaye reyinyon eleksyon an.
  - Pou vote yon fason vityèl, yo dwe kenbe yon dosye enprime bilten yo pami dosye Konsèy Prezidan an epi yo dwe mete l disponib sou demand.
  - Yo dwe konte bilten vòt yo imedyatman apre vòt la fini epi nan prezans omwen yon obsèvatè ki pa kandida pou okenn pòs.
  - Konsèy Prezidan a dwe kenbe bilten vòt yo pou yon lane oswa jis lè yo jwenn yon solisyon osijè yon pwoblèm sou eleksyon an, nenpòt sa ki rive avan an.

d. Sètifikasyon eleksyon ak konsèvasyon dosye

Yo dwe anrejistre rezilta eleksyon yo nan Fòm sètifikasyon Eleksyon Konsèy Prezidan ke sipèntandan apwopriye an siye an, avan yo ranwaye reyinyon eleksyon an.

- Sipèntandan apwopriye an dwe asire fòm sètifikasyon eleksyon an ranpli konplètman ak lizib epi manm egzekitif yo konprann responsablite pou bay enfòmasyon pou kontakte manm yo.
- Avèk siyati Fòm sètifikasyon eleksyon an, sipèntandan apwopriye an sètifye ke yo te mennen eleksyon an an konfòmite avèk règleman sa a ak règleman entèn Konsèy Prezidan yo.
- Konsèy Prezidan a dwe konsève fòm sètifikasyon eleksyon ki siyen an, epi klase yon kopi pou sipèntandan apwopriye an ak yon kopi pou FACE.

**D. Kontestasyon Eleksyon**

Moun ki kwè eleksyon an pa te onèt ak lib ka soumèt yon plent pou eleksyon an nan FACE avèk yon kopi pou toulede biwo sipèntandan ak komite egzekitif CPAC apwopriye an. Paske li enpòtan pou yo detèmine rezilta eleksyon yo pou Konsèy Prezidan yo fonksyone suivan objektif li atan, règleman aplikab pou plent nan eleksyon yo diferan ak plent ki gen rapò avèk lòt pwoblèm ak diskisyon yo.

Yo dwe soumèt kontestasyon eleksyon yo epi reponn yo alekri, atan jan règleman an defini l la. Yo pral baze desizyon sèlman si gen yon vyolasyon materyèl ak presi swa règleman oswa lwa entèn Konsèy Prezidan yo.

Pwosedi ak kwonoloji presi nan Seksyon I.F pou ranpli plent eleksyon PA/PTA aplike egalman eleksyon Konsèy Prezidan yo sof plent sa yo yo ranpli dirèkteman avèk FACE kote desizyon yo final ak kontreyan.

### E. Responsablite manm Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC)

#### 1. Enfòmasyon pou Kontakte Manm Egzekitif

##### a. Enfòmasyon nan Fòm pou sètifye eleksyon

Lè yo fin eli, manm egzekitif obligatwa yo dwe bay kontak enfòmasyon sou jan pou kontakte yo, preziman, sou Fòm pou sètifye eleksyon an. Manm egzekitif obligatwa yo dwe gen ladan yon adrès imèl kote yo ka kontakte yo.

##### b. Enfòmasyon pou manm yo

Anplis bay enfòmasyon sou jan pou kontakte nan Fòm Sètifikasyon Eleksyon an, komite egzekitif Konsèy Prezidan yo dwe mete yon lis pozisyon ak non manm egzekitif tout Konsèy Prezidan yo disponib pou manm yo. Lis la dwe gen ladan:

- Adrès imèl Konsèy Prezidan yo. Sa a ka swa adrès Konsèy Prezidan piblye nan DOE oswa yon adrès imèl ke komite egzekitif la kreye.
  - Manm egzekitif la dwe tabli yon pwosesis pou tcheke ak reponn imèl ke yo voye bay adrès imèl sa a omwen yon fwa pa semèn.
- Yon adrès imèl endividyèl pou chak manm egzekitif obligatwa. Manm egzekitif ki pa obligatwa dwe chwazi pou bay adrès imèl yo tou.
  - Yo ka mete ladan nimewo telefòn pèsònèl yo nandiskresyon chak manm, men yo pa dwe mete adrès lakay yo ladan.

##### c. Enfòmasyon pou CPAC

Yo te bay adrès imèl Konsèy Prezidan yo ak Kontak enfòmasyon manm egzekitif obligatwa pou manm yo dapre Seksyon 1 (b) pi wo a tou bay Konsèy Konsiltatif pou paran ke Chanselye a tabli. Si prezidan an pa ka ale nan reyinyon CPAC., yo dwe voye tou bay CPAC kontak enfòmasyon sou jan pou kontakte delegè prezidan an. (Gade Seksyon II.J).

#### 2. Kominikasyon avèk manm yo

Yo ta dwe itilize eksklizivman kont imèl Konsèy Prezidan an, listserv, sit wèb, kont sosyo-medya, ak tout lòt mòd kominikasyon ki lye avèk Konsèy Prezidan pou objektif Konsèy Prezidan yo.

Yo dwe itilize mòd kominikasyon sa yo nan pou apiye yon kandida endividyèl oswa yon gwoup kandida nan nenpòt eleksyon.

### F. Règleman entèn Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC)

Lwa entèn se dokiman ki tabli ak gouvènè Konsèy Prezidan an. Tout Konsèy Prezidan yo dwe genyen lwa entèn; yo pa ka sispann lwa entèn epi yo ta dwe amande l peryodikman pou refilete bezwen ak chanjman imedya PA/PTA nan regleman sa a.

Si pa gen lwa entèn, swa poutèt yo poko tabli yo oswa yo pa ka lokalize yo, dokiman k ap gouvènè Konsèy Prezidan an pral rete regleman sa ak Regleman Robert ki fenk Revize Robert's Rules of Order Newly Revised, si yo pa an konfli avèk regleman sa yo.

1. Lwa entèn Konsèy Prezidan dwe gen ladan bagay sa yo:
  - Non Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC)
  - Yon deklarasyon objektif
  - Kondisyon pou vin manm
  - Lis manm, ki gen ladan sèvis ak dire manda (si genyen)
  - Pwosesis pou suiv pou fè eleksyon
  - Konpozisyon biwo egzekitif, pwosesis pou fikse jou ak lè reyinyon, ak kowòm.
  - Jou ak lè reyinyon asanble jeneral, ak pwosesis pou konvoke reyinyon asanble jeneral espesyal
  - Tout komite pèmanan ak sèvis yo
  - Yon pwosesis pou amande Lwa entèn
  - Yon pwosesis pou detèmine fòm reyinyon Konsèy Prezidan an (anpèsòn, miks, oswa vityèl) of meetings of the Presidents' Council

2. Tabli Lwa entèn

Si Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) an pa gen lwa entèn oswa yo pa ka lokalize yo, tabli yon ansanm lwa entèn se premye òd biznis apre manm egzekitif obligatwa yo--prezidan an ak sekretè dosye, ak trezorye si Konsèy Prezidan yo gen yon bank- te chwazi.

Yo ta dwe itilize Modèl Règleman entèn Konsèy Prezidan, nan sit wèb DOE, pou kreye yon pwojè regleman entèn pou manm yo soumèt pou adopte. Adopsyon sa a ka rive nan reyinyon pou tabli oswa reetabli Konsèy Prezidan apre eleksyon manm yo; nan altènatif, konsèy ekzekitif ki fenk monte an ka dirije yon pwojè regleman ak adopte lwa entèn yo nan yon reyinyon pwograme oswa konvoke yon reyinyon asanble jeneral espesyal.

3. Revize ak amande lwa entèn

Konsèy Prezidan an dwe revize règleman entèn yo chak twa lane ak nenpòt lè y ap revize regleman sa a.

- Apre revizyon, yo dwe adopte ankò lwa entèn yo avèk yon de tyè vòt manm yo kèlkeswa si wi oswa non yo te fè amandman yo.
- Paj tit lan dwe montre dat apwobasyon manm yo ak siyati prezidan Konsèy Prezidan a ak sekretè dosye an nan moman adopsyon an.

4. Konfòmman ak Règleman Chanselye A-660

Regleman sa a se premye dokiman k ap gouvène tout Konsèy Prezidan yo. Nan ka kote règleman entèn Konsèy Prezidan gen pwovizyon ki an konfli avèk règleman sa a:

- Yo pral anile pwovizyon an ak pa valide l, epi y ap kalifye pwovizyon regleman sa a detèminan.
  - Yon mosyon ka amande pwovizyon an nan nenpòt manm Konsèy Prezidan yo nan tout reyinyon asanble jeneral. Yo dwe vote mosyon an imedyatman.
  - Tout lòt pwovizyon ki pa an konfli avèk règleman sa ap rete valid ak anvigè.
5. Konsèvasyon dosye ak mete lwa entèn yo disponib

Yo dwe voye lwa entèn ki siyen pou PC a ba FACE epi FACE ap kenbe l. Yon kopi lwa entèn Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) dwe disponib nan chak reyinyon epi bay manm yo kopi si yo mande li.

### G. Òganizasyon reyinyon Konsèy Prezidan yo

Konsèy Prezidan yo dwe fè omwen 9 reyinyon asanble jeneral pou manm yo pandan yon ane lekòl. Yo dwe fè reyinyon komite egzekitif yo yon fason nesèsè ak pratik, apre menm regleman yo presize pou reyinyon asanble jeneral pou manm yo.

#### 1. Jou ak lè reyinyon

##### a. Reyinyon asanble jeneral pou manm yo

Règleman entèn Konsèy Prezidan dwe presize dat ak lè y ap fè reyinyon asanble jeneral pou manm yo (paegzanp, dènye madi nan mwa a a 7:00 pm) ak yon fason pou pwograme reyinyon endividyèl si nesèsè pou ogmante prezans.

##### b. Reyinyon komite egzekitif

Lwa entèn Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC) dwe gen ladan yon mekanis pou pwograme reyinyon komite egzekitif.

##### c. Reyinyon espesyal

Yo ka fè reyinyon espesyal pou manm yo oswa komite egzekitif la pou pale sou sijè enpòtan ke yo pa ka ranvwaye pou pwochen reyinyon regilye yo pwograme a. Reyinyon manm espesyal yo ta dwe suiv menm pwosedi jan yo pwograme sa nan reyinyon yo, sofsi yo ka bay yon preavi 48 èdtan.

#### 2. Avi pou Reyinyon

Yo dwe voye yon Avi alekri bay manm yo nan omwen 10 jou nan kalandriye a avan reyinyon an .

- Komite egzekitif la dwe kreye avi an atan pou asire l li distribye l bay tout reprezantan ak delege PA/PTA omwen 10 jou avan reyinyon an.
  - Si komite egzekitif la jije l nesèsè pou asire avi an ale jwenn tout manm yo, komite egzekitif la ka chèche asistans nan men sipèntandan apwopriye an.

- Sipèentandan an dwe distribye avi a byen vit pou otorize Konsèy Prezidan pou konfòme avèk delè avi a.

### 3. Adrès Reyinyon yo

- Biwo egzekitif la dwe detèmine kapasite pou fè reyinyon yo nan itilize yon fòm patikilye (anpèsòn, vityèl oswa mik) avan pou prezante l bay tout prezidan PA/PTA pou apwobasyon. Si konsèy Prezidan an pa ka fè reyinyon yo swa nan yon fòm vityèl oswa fòm mik, li dwe kontinye fè reyinyon yo anpèsòn.
- Yo ka fè reyinyon yo vityèl sou yon platfòm ki otorize pou konpoze nimewo oswa lòt opsyon.
- Yo ka fè reyinyon komite yo yon fason vityèl oswa nan lokal oswa nan platfòm vityèl ki konvab pou manm yo.

### 4. Fè reyinyon yo

Sofsi ta gen lòt bagay jan yo presize nan regleman sa a oswa lwa entèn, reyinyon asanble jeneral pou manm yo ta dwe kontinye fèt dapre *Robert's Rules of Order ke yo fèk revize a*. Komite egzekitif PC a ka decide pi bon pwosedi pou reyinyon yo..

#### a. Kowòm

Yo dwe presize kowòm lan pou yon reyinyon jeneral PC pou manm nan règleman entèn yo.

- Lè pa gen kowòm, yon Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) pa ka vote nenpòt biznis oswa otorize depans lajan, men li ka fè diskisyon ki pa mande pou pran angajman.
- Konsèy Prezidan (Presidents' council, PC) ka chèche sipò nan men Sipèentandan pou amelyore prezans nan reyinyon lè efò PC a pa rive fè yo jwenn quorum nan yon reyinyon jeneral pou manm.

#### b. Prezans ak patisipasyon

Reyinyon asanble jeneral yo dwe lib pou tout manm ki fè pati kominote lekòl la. Reyinyon komite egzekitif la dwe lib pou tout manm PC.

- Moun ki pa manm Konsèy Prezidan yo ka patisipe nan reyinyon asanble jeneral manm yo kòm obsèvatè, men yo ka patisipe sèlman nan diskisyon yo si yo gen konsantman prezidan an oswa moderatè rankont lan..
- Moun ki pa manm PC a ka patisipe nan reyinyon PC a sèlman si komite egzekitif la dakò.

c. Pwosè vèbal

Yo dwe drese pwosè vèbal nan tout reyinyon asanble jeneral pou manm yo.

- Yo dwe distribye yon kopi pwosè vèbal nan pwochen reyinyon k ap fèt pou revize l ak apwouve l.
- Règleman entèn PC a ka bay lòt konsèy sou pwosedi ak ekipman ki otorize pou drese rapò.
- Yo pa bezwen fè pwosè-vèbal nan reyinyon komite ak nan reyinyon komite egzekitif la, men prezidan apwopriye an dwe apwouve mizajou regilye yo nan reyinyon asanble jeneral yo.

**H. Konsèvasyon ak transfè dosye PC**

Yo dwe kenbe tout dosye Konsèy Prezidan(Presidents' council, PC), swa an papye swa fòm elektwonik nan biwo sipèntandan apwopriye an.

1. Ki dosye yo dwe kenbe epi pou konbyen tan

Yo dwe kenbe dosye PC sa yo pou 6 ane: regleman entèn yo ak amannman ki gen rapò avèk yo; avi sou reyinyon, agenda ak pwosè-vèbal, ak dosye eleksyon manm ak lòt ki pa bilten ak dosye finansye. (Gade Seksyon III pou plis enfòmasyon sou jan y ap kenbe dosye finansye yo).

Yo ta dwe kenbe lòt dosye PC a toutotan gen bezwen. Yo dwe kenbe dosye PC y ap itilize nan yon aksyon legal pou tout peryòd aksyon legal la dire.

Yo dwe pote atansyon espesyal pou asire yo dokiman yo kreye nan fòm elektwonik rete disponib ak aksesib, swa nan fòm elektwonik swa sou papye, pou peryòd tan ki obligatwa a.

2. Responsablite Chak manm

Prezidan

- Avan fen manda prezidan an, li dwe fè tout aranjman nesèsè pou bay nouvo prezidan eli an tout non itilizatè ak modpas pou imèl Konsèy Prezidan an, konpitè, sit wèb ak lòt kont yo, ansanm avèk tout kle biwo ak klasè yo.

Sekretè dosye

Avan fen manda yon sekretè rapòtè , li dwe fè aranjman nesèsè pou bay sekretè rapòtè ki fèk eli a règleman entèn PC a, avi sou reyinyon, agendas, ak rapò ni reyinyon jeneral manm yo ni reyinyon komite egzekitif la.

## Trezorye

- Avan fen manda trezorye an, li dwe fè aranjman nesèsè pou bay tout dosye finansye ansanm avèk dosye enfòmasyon sou metòd konsèvasyon dosye bay nouvo trezorye an jan Konsèy Prezidan yo te konn itilize.

### I. Dwa ak Responsablite Konsèy Prezidan an

Menmsi konsèy Prezidan yo sipòte sipèentandan an epi yo ta dwe travay avèk sipèentandan yo nan bon jan kolaborasyon; yo se antite otonòm epi yo dwe pèmèt yo opere san entèferans oswa sipèvizyon sipèentandan lòt lekòl ak sipèentandan. CEC, CCSE, CCHS, CCELL, ak CCD75 pa gen jiridiksyon sou afè Konsèy Prezidan yo oswa manm PA/PTA yo.

#### 1. Sipò bòkote sipèentandan

- Prezans sipèentandan nan reyinyonkonsèy prezidan (Presidents' Council, PC)  
Sipèentandan ki apwopriye a dwe patisipe nan reyinyon asanble jeneral yo epi bay mwayen lojistik ak lòt sipò(paegzanp nan eleksyon) jan yo presize l nan regleman sa a. (Gade Seksyon II.I.1.c. ki pi ba a)
- Enfòmasyon  
PC yo gen dwa mande ak resevwa enfòmasyon konplè ak reyèl sou pwogrè ak orè egzamen elèv elèv nan men sipèentandan an.  
Kòm yon manm nan Ekip lidèchip Distri (District Leadership Team, DLT), prezidan PC a gen dwa pou l resevwa Plan edikasyon global *distri(Comprehensive Educational Plan, DCEP)* a ak enfòmasyon sou bidjè distri a oswa *borough* a.
- Resous pou PC a itilize  
Yo dwe bay PC yo aksè nan espas reyinyon ki apwopriye nan biwo distri/borough yo epi ba yo ase resous pou yo fè reyinyon yo, tankou:
  - Èd pou mete sekirite nan espas reyinyon an ak nenpòt pèmi ki nesèsè.
  - Yon kote ki fèm pou dosye PC a.
  - Aksè nan yon konpitè ki gen entènèt.
  - Èd pou enprime avi, ajanda, pwosè-vèbal ak materyèl eleksyon ki obligatwa dapre regleman sa a (egzanp bilten).
  - Aksè ki rezonab nan sèvis fotokopi.
  - Kapasite pou resevwa kourye nan biwo apwopriye sipèentandan an tankou yon kote ki gen sekirite pou yo sere kourye.

#### 2. Reprèzantasyon PC a nan DLT a

Prezidan PC a se yon manm obligatwa nan DLT a.

- Si prezidan an pa ka patisipe nan reyinyon DLT yo, yo dwe chwazi yon reprèzantan pou sèvi nan DLT a nan plas prezidan an. Reprèzantan an dwe se yon manm PC a epi nominasyon an dwe respekte règ ki fikse nan Seksyon I.G.4.

Reprezantan PC a nan DLT a—prezidan an oswa reprezantan an---- responsab pou distribiye dokiman enpòtan yo ak enfòmasyon li jwenn nan reyinyon DLT yo ba manm PC yo.

3. Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la

a. Reyinyon chak twa mwa avè Konsèy Edikasyon pou Kominote(Community Education Council, CEC)

Dapre lwa eta a, tout CEC ak sipèentandan kominote yo oblije rankontre chak twa mwa avèk manm egzekutif PA/PTA yo nan distri pa yo chak. PC yo ak CEC ki koresponn yo pral kolabore pou tabli yon reyinyon kote yo dakò sou yon dat, lè ak ajandan ansanm.

b. Fowòm kandida ak konsiltasyon sou konble pòs vid.

Dapre Regleman Chanselye (Chancellor's Regulations, CR D-140, D-150, D-160, ak D-170), PC yo gen responsablite pou fè fowòm kandida pou eleksyon manm CEC ak/oswa manm konsèy Edikasyon pou Vil. FACE ak sipèentandan an ap responsab pou lojistik òganizasyon fowòm yo tankou mete sekirite nan espas la ak envite kandida yo.

- Li entèdi pou PC yo fè fowòm kandida pou okenn òganizasyon politik oswa òganizasyon kominotè *community-based organization*(CBO). (Gade CR D-130).
- PC yo gen dwa tou pou patisipe nan pwosesis konble pòs vid nan CEC yo, jan yo presize sa nan regleman k ap dirije konsèy respektif yo.

**J. Konsèy konsiltatif paran Chanselye (Chancellor's Parent Advisory Council, CPAC)**

CPAC se yon òganizasyon ki konseye Chanselye a sou pwoblèm ki enpòtan pou paran elèv lekòl leta Vil Nouyòk. CPAC sipòte tou PC yo nan bay enfòmasyon sou gwo pwoblèm ki afekte lekòl ak gid nan devlopman lidèchip paran lokal.

1. Manm

Prezidan chak PCse yon manm CPAC otomatikman.

- Ko-prezidan yo dwe deside ki moun ki pral sèvi nan CPAC.
- Si prezidan an pa ka patisipe nan reyinyon CPAC yo, yo dwe chwazi yon reprezantan pou sèvi nan CPAC a nan plas prezidan an. Reprezantan an dwe se yon manm PC a epi nominasyon an dwe respekte règ ki fikse nan Seksyon I.H.4.

Reprezantan CPAC PC oblije bay PC a rapò regilye sou travay CPAC ak mande kòmantè nan men PC yo pou pataje l avèk CPAC.

## 2. Aksè nan enfòmasyon

Pou CPAC ka bay Chanselye a konsèy ki efikas, DOE ap pataje enfòmasyon sou pwogram lekòl yo ak pwogrè elèv yo avèk CPAC. Enfòmasyon sa yo se done sou akonplisman elèv nan konpozisyon anglè *English language arts* (ELA) ak matematik, ak konparezon akonplisman elèv nan klas ak lekòl ki sanble.

Pou fasilite fonksyonman CPAC avèk efikasite, DOE ap asire l li voye lis manm ak enfòmasyon pou kontak ki apwopriye ba ko-prezidan CPAC la imedyatman apre eleksyon PC yo fin fèt. Yo dwe itilize enfòmasyon pou kontakte manm yo, kont imèl CPAC, listserv, sit wèb, kont sosyo-medya, ak tout lòt mòd kominikasyon ki lye avèk CPAC eksklizivman pou objektif CPAC.

### K. Fundraising

Yo pèmèt PC yo fè maraton. Gade seksyon III. pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye konsènan *maraton* ak lòt zafè finansye.

### III. **AKTIVITE FINANSYE ONIVO ASOSYASYON PARAN AK KONSÈY PREZIDAN**

PA/PTAs ak PC fèt pou responsab pwòp zafè finans yo. Lajan PA/PTA ak lajan PC a se lajan apa ki pa mele ak lajan lekòl, distri, borough oswa lajan pèsònèl. Lajan PA/PTA ak lajan PC a pa konte lè y ap fè bidjè lekòl, distri oswa *borough*. Pou garanti zafè finans yonòganizasyon konfòm ak objektif li, asanble jeneral yon PA/PTA oswa yon PC dwe patisipe nan planifikasyon tout *fundraisers* ak depans tout lajan.

*Dèt PA/PTA ak PC a* – Dèt PA/PTA oswa PC a fè se responsablite PA/PTA oswa PC a, men se pa responsablite lekòl la, distri a ni DOE.

#### A. Bidjè PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo

##### 1. Pwosesis bidjè nan règleman entèn yo

PA/PTAs ak PC yo dwe tabli yon pwosesis bidjè nan règleman entèn yo. Pwosesis sa a dwe satisfè kondisyon minimòm ki tabli nan fòm règleman entèn FACE la nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations>.

##### 2. Pwopozisyon Bidjè pou PA/PTA ak PC yo

PA/PTA komite egzekitif PC la dwe prepare yon pwopozisyon bidjè chak ane pou soumèt ba asanble manm lan pou apwouve nan reyinyon jeneral manm k ap fèt nan mwa jen an. Gen yon fòm pou bidjè yo pwopoze a ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations>. Yo dwe soumèt pwopozisyon bidjè PA/PTA a ba direktè a apre manm PA/PTA a fin apwouve l. Yo dwe soumèt pwopozisyon bidjè PA/PTA a ba sipèentandan an apre manm PC a fin apwouve l.

## B. Kont labank PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo

### 1. Kont kouran labank PA/PTA ak PC

Yo dwe ouvri yon kont kouran nan non PA/PTA oswa PC a. Yo dwe depoze tout lajan PA/PTA ak PC a nan kont kouran an. Si yon PA/PTA oswa yon konsèy prezidan gen difikilte pou ouvri yon kont kouran (checking account), li ta dwe chèche konsèy bòkte konsèy prezidan an, biwo distri a oswa FACE, nan lòd sa a.

- a. Nimewo Idantifikasyon anplwaye (*Employer Identification Number, EIN*)-PA/PTA yo ak Konsèy Prezidan yo, kòm antite separe, pa ka itilize (EIN) DOE. PA/PTAs ak Konsèy Prezidan yo dwe pran EIN pa yo nan Internal Revenue Service (IRS) pou fè aplikasyon pou kont labank. Kontakte IRS pou w jwenn yon EIN: 1-800-829-4933. Dwe gen EIN PA/PTA a nan dosye direktè a. Dwe gen EIN PC a nan dosye sipèntandan an.
- b. Tranzaksyon bank sou entènèt – PA/PTA ak PC yo ka tabli aksè sou entènèt atravè sistèm peman fakti sou entènèt bank lan pou machandiz ak sèvis yo bay. Lè sa pa posib, peman pou machandiz ak sèvis ta dwe fèt nan plizyè fason tradisyonèl, tankou ak chèk oswa yon kat bank/debi. Avan nenpòt tranzaksyon Komite egzekitif la dwe bay otorizasyon pou depans yo konte fè a lè yo bay yon fòm pou dekesman ki dwe akonpaye ak tout tranzaksyon sou entènèt yo.

Pou yo ka kreye aksè sou entènèt nan kont labank PA/PTA ak PC a, yon kont imèl DOE bay PA/PTA a oswa PC a obligatwa.

- c. Li entèdi pou konekte kont bank PA/PTA a ak PC a avèk yon kont bank pèsònèl.
- d. Moun ki siyen – Se 2 manm ki dwe siyen chèk PA/PTA oswa PC a. Règleman entèn PA/PTA ak PC a dwe endike omwen 3 manm ki gen dwa pou siyen. De (2) fonksyonè ki gen dwa pou siyen yo pa ka ni fanmi, ni marye. Nan okenn ka, madanm/mari, frè/sè, bòpè/bèlmè, bòfrè/bèlsè oswa lòt manm fanmi ki abite nan menm kay pa ka siyen menm chèk PA/PTA oswa PC a. Yon manm PA/PTA oswa PC pa ka siyen yon chèk si li gen yon enterè dirèk oswa endirèk kèlkonk nan depans yo.
- e. Moun k ap touche chèk la – Yo pa ka fè chèk pou peye nan non “petty cash” oswa “cash”. Moun ki siyen yo pa ka apwouve chèk sa yo.

2. Retrè yo
  - a. Konsèy Prezidan yo pa dwe genyen oswa itilize fèy pou fè retrè.
  - b. PA/PTA ak PC yo pa dwe itilize kat bank/debi a pou fè retrè lajan nan Automated Teller Machine (ATM).
  - c. Vyolasyon regleman sa a ka lakoz Chanselye a oswa reprezantan l revoke imedyatman yon manm.
3. Kat bank / Kat debi
  - a. PA/PTA yo ka resevwa ak itilize yon kat bank/kat debi pou sèl objektif pou peye yon machann pou machandiz oswa pou sèvis, paegzanp, lè yon machann pa aksepte chèk .
  - b. Tranzaksyon ak kat bank/kat debi dwe jwenn konsantman asanble jeneral la.
  - c.
  - d. Yo pa dwe itilize kat bank /kat debi pou bagay sa yo:
    - Aplikasyon mobil third party. (tankou bous telefòn selilè, oswa tout lòt aparèy elektwonik)
    - Don dirèk
    - Ranbousman pou depans ki fèt avèk pwòp lajan w
    - Retrè lajan cash nan yon ATM
    - Resevwa lajan cash anretou (“cash-back”) oswa ranbousman cash(“cash refund”) apati yon tranzaksyon k ap fèt.
  - e. Vyolasyon regleman sa a ka lakoz Chanselye a oswa reprezantan l revoke imedyatman yon manm.
4. Lòt kont labank

Nenpòt kont ki pa kont kouran ki obligatwa, manm yo dwe bay otorizasyon yo nan yon vòt epi li dwe nan non PA/PTA oswa nan non PC a. Sepandan, yo dwe itilize kont kouran prensipal la pou tout tranzaksyon tankou depo ak retrè(paegzanp si yon PA/PTA oswa yon PC gen yon kont epay yo dwe transfere lajan ki nan kont kouran an pou mete yo sou kont epay la. Yo ka fè retrè sèlman lè yo transfere lajan nan kont epay la sou kont kouran an).

### C. Aktivite PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo pou ranmase lajan

PA/PTA ak PC a pa ka ramase lajan jis pou ramase lajan. Yo dwe gen rapò ak objektif òganizasyon an, tankou edikasyon paran, seminè, ak lekòl, inisyativ distri ak *borough*. Yo dwe itilize lajan yo ramase yo pou ogmante oswa konplete pwogram sosyal ak kiltirèl nan lekòl, distri oswa *boroughs*. Dapre chak ka anpatikilye, Chanselye a ka pèmèt PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo ramase lajan pou yon koz imanitè.

1. Regleman nan aktivite fundraising pou PA/PTA ak Konsèy Prezidan

Tout aktivite fundraising dwe respekte Regleman Chanselye A-650 sou Flea Markets, aktivite Fundraising ak koleksyon lajan nan men elèv.

(A-610), ak Lavant manje ki nourisan ak manje ki pa nourisan (Sale of Nutritious and Non-Nutritious Foods (A-812), kòm apwopriye.

- a. Nimewo Idantifikasyon Anplwaye (Employee Identification Number, EIN) – PA/PTA ak PC yo pa fè okenn aktivite fundraising pazavan yo gen yon EIN. (Gade Seksyon III.B.1.a.).

## 2. Aktivite Fundraising ki entèdi pou PA/PTA ak PC

- a. Lavant tikè sinema oswa teyat – Lavant tikè sinema ak teyat pou timoun al patisipe entèdi, sof si pwojè a fèt nan kolaborasyon ak pwofesè yo ak/oswa ak antrenè nan edikasyon epi yo dwe gen rapò dirèk ak kourikoulòm lan.
- b. Demann pòt an pòt - Yo entèdi timoun mande lajan pòt an pòt sof si gen yon paran ki akonpaye timoun lan. Tikè raf – Yo entèdi timoun vann oswa achte tikè raf. Tout lavant tikè raf dwe fèt dapre respè regleman ki nan lwa minisipal jeneral Eta Nouyòk (New York State General Municipal Law) ak regleman ki aplikab pou komite pou kous ak paryaj Eta Nouyòk New York State Racing and Wagering Board. Gade “*Parent Association Guide to Raffles*” ki disponib ann anglè nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations> and <https://gaming.ny.gov/charitablegaming/> pou lòt enfòmasyon. Lwa a ak regleman yo di kritè ak kondisyon sou jan pou aplike pou lisans lè y ap fè yon raf ak kòman y ap itilize pwofi raf la. Se sèl PA/PTA ak PC ki egziste depi 3 lane ki kalifye pou fè raf. Yon PA/PTA oswa yon PC ki egziste depi omwen 3 lane imedyatman avan raf la ka fè eksepsyon pou kondisyon aplikasyon an ak lisans lan si se yon sèl raf ki pa fè pwofi ki mwens pase 5000 dola ak total aktivite raf ki mwens pase 20 000 dola pou yon ane. Tout PA/PTA ak PC dwe respekte regleman ki kontwole kondisyon pou yo fè raf ak jan pou yo itilize pwofi raf yo. Kondisyon sa yo pa aplike pou tiraj tikè raf ki gratis (paegzanp prim nan pòt).
- c. Jwèt aza – Yo entèdi tout fòm jwèt aza tankou bingo.

## 3. Planifikasyon Fundraiser PA/PTA

- a. Aktivite Fundraising ak patisipasyon elèv pandan lè klas - Yo limite PA/PTA a pou fè 2 aktivite maraton pa ane ki mande pou elèv patisipe pandan lè klas. Pa gen limit nan kantite aktivite fundraising pandan lè ki pa lè klas. Yo defini lè ki pa lè klas kòm lè pandan jounen lekòl kote elèv yo pa angaje nan pwosesis akademik (paegzanp lè *lunch*).

Distribisyon enfòmasyon (paegzanp bilten enfòmasyon, bilten nouvèl, avi, fòm oswa anvlop pou kòmand) ki gen rapò ak aktivite *fundraising* PA/PTA pandan lè klas pa yon vyolasyon lwa ki nan regleman sa a.

- b. Konsantman direktè - Konsantman alekri direktè a obligatwa sèlman lè aktivite fundraising ap fèt pandan lè lekòl oswa lè l ap fèt sou pwopriyete lekòl la. (Gade Règleman Chanselye A-610).
4. Planifikasyon maraton PC a
    - a. Aktivite Fundraising ki mande patisipasyon elèv - Aktivite fundraising PC a pa ka gen patisipasyon elèv ladan.
    - b. Planifikasyon nan kolaborasyon ak Sipèentandan an- Planifikasyon nan kolaborasyon ak Sipèentandan an obligatwa pou aktivite maraton PC yo ap fè.
  5. Konsantman PA/PTA ak PC a pou fè fundraising
 

Manm PA/PTAs ak PC yo dwe apwouve tout aktivite fundraising y ap fè nan yon reyinyon ki gen quorum yo fè regilyèman. Yo dwe mete nan rapò reyinyon an konsantman manm yo. Si yo pa gen konsantman manm yo avan yo fè yon aktivite fundraising se yon vyolasyon regleman sa a.
  6. Konsantman PA/PTA ak PC a pou fè motivasyon fundraising
    - a. Kontakte paran ak elèv –Jan yo di l nan seksyon I.G.3., PA/PTAs ak PC yo pa ka jwenn lis non, adrès oswa lòt enfòmasyon sou jan pou kontakte elèv oswa paran nan men lekòl la, distri a oswa borough a pou okenn rezon tankou *fundraising*.
    - b. Èd pou motivasyon – PA/PTAs ak PC yo responsab pou fundraisers ak tout lajan yo ramase. PA/PTAs ka mande èd bòkote kowòdonatè paran nan fè piblisite pou aktivite *fundraising* lan. Kowòdonatè paran yo pa ka gen responsablite kenbe lajan yo ranmase yo.
  7. Pwofi fundraising PA/PTA ak PC yo ramase
    - a. Depo lajan – Yo dwe depoze tout lajan yo ramase nan checking account PA/PTA oswa PC a . PA/PTAs ak PC yo dwe fè tout efò pou depoze tout lajan cash yo ramase nan fundraising lan nan espas yon jou ki pa jou konje, pa pi ta pase twa jou ki pa jou konje. Yo dwe depoze tout lajan raf dapre regleman sa yo men ki pa dwe pi ta pase mèkredi nan chak semèn. Gade 9 NYCRR § 5624.8 (2009). Si yo pa p fè depo a imedyatman nan menm jou fundraising lan, PA/PTA oswa PC a dwe garanti tout lajan rete ansekirite yon kote ki fèm nan lokal lekòl la oswa nan lokal DOE(paegzanp nan kòf lekòl la). PA/PTA a dwe jwenn yon resi alekri nan men direktè lè yo kenbe lajan PA/PTA a nan lekòl la, tandiske PC a dwe jwenn resi alekri nan men Sipèentandan an lè yo kenbe lajan PC a nan lokal lekòl la. Resi sa yo dwe gen ladan yo kantite lajan yo kenbe nan lekòl la. Nan okenn ka yo pa ka kenbe lajan fundraiser a nan travay oswa lakay manm PA/PTA oswa manm PC a.

- b. Rapò sou aktivite Fundraising – PA/PTA ak komite egzekitif PC yo dwe prepare yon rapò sou aktivite, ki pou disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations> fapre chak aktivite maraton ki fini. Rapò a dwe gen ladan total kantite yo ramase ak depans ki fèt epi yo dwe distribiye l ba manm yo nan pwochen reyinyon jeneral manm lan. PA/PTA ak komite egzekitif PC a dwe rapòte pou ki objektif pwogram y ap itilize lajan an. Yo dwe bay direktè a yon kopi aktivite Fundraising PA/PTA a pa pi ta pase 5 jou apre fundraising lan fin fèt. Yo dwe bay direktè a yon kopi aktivite *Fundraising* PA/PTA a pa pi ta pase 5 jou apre *fundraising* lan fin fèt.

#### **D. Tranzaksyon lajan PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo**

1. Konsantman manm PA/PTA ak PC a  
Manm yo dwe apwouve tout depans lajan PTAs ak PC yo fè pandan yon reyinyon ki gen quorum yo fè regilyèman. Yo dwe mete nan rapò reyinyon an konsantman manm yo. Si yo pa gen konsantman manm yo avan yo fè yon depans se yon vyolasyon regleman sa a. Manm yo dwe respekte Seksyon I.E.4 konsènan konfli enterè ki ka rive pandan y ap apwouve depans yon PA/PTA oswa yon PC.
2. Depans PA/PTA ak komite egzekitif PC nan ka ijans  
Règleman entèn PA/PTA a ak PC a dwe gen ladan yon pwosesis pou komite egzekitif la otorize depans nan ka ijans. Règleman entèn yo dwe dekri kondisyon ki garanti yon depans nan ka ijans, kantite lajan maksimòm yo ka depanse ak yon kalandriye pou fè rapò sou depans nan ka ijans yo ba manm. Nan pwochen reyinyon jeneral apre depans nan ka ijans yo, manm yo dwe gen chans pou vote pou di si depans nan ka ijaans yo te byen fèt.
3. Depans ou te fè avèk pwòp lajan w  
Yo ka ranbouse yon manm PA/PTA oswa yon manm PC pou depans ki soti nan pòch li nan yon chèk si li bay yon resi. Manm yo dwe apwouve depans sa yo. Lè sa posib, yo ta dwe jwenn konsantman manm yo avan yo fè depans avèk pwòp lajan yo. Règleman entèn yo dwe defini depans ou te fè avèk pwòp lajan w yo pèmèt ak maksimòm lajan yo ka ranbouse yon manm. Ranbousman dwe fèt ak chèk sou non manm lan, se pa lajan cash, oswa ak kat ATM/kat debi atravè yon aplikasyon mobil ki soti deyò (third party). Règleman entèn yo dwe dekri kondisyon ki garanti yon depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch pèsònèl, kantite lajan maksimòm yo ka depanse ak yon kalandriye pou fè rapò sou depans lajan ki soti nan pòch pèsònèl ba manm.

#### 4. Anbochaj estaf

- a. Donasyon lajan pou lekòl la anboche estaf – Dapre restriksyon yo dekri nan seksyon III.D.5, PA/PTAs ka fè don lajan pou yon lekòl anboche lòt estaf (paegzanp, gwoup pwofesè ) pou travay pandan lè lekòl. PA/PTAs ka fè don lajan tou pou lekòl la anboche estaf pou fè aktivite apre lekòl oswa nan wikenn. PA/PTAs dwe jwenn konsantman direktè lekòl la. Lè yo fin jwenn konsantman direktè a, PA/PTAs dwe soumèt yon chèk sou non lekòl la ba *Senior Grants Officer (SGO)* apwopriye a. Lajan an disponib nan bidjè lekòl la apre SGO fin apwouve anboche estaf siplemantè a.
- b. Estaf k ap anboche dirèkteman – Dapre restriksyon ki dekri nan seksyon III.D.5., PA/PTAs yo ka sèlman anboche estaf lekòl dirèkteman pou fè aktivite apre lekòl oswa nan wikenn. Yo ka anboche estaf la sèlman pou travay dirèkteman ak elèv. PA/PTAs dwe jwenn konsantman direktè lekòl la pou l anboche estaf pou fè aktivite apre lekòl oswa nan wikenn. Apre yo fin jwenn konsantman direktè a, PA/PTAs yo dwe jwenn konsantman asanble jeneral la.
- c. Responsablite estaf k ap anboche dirèkteman an – PA/PTAs yo dwe respekte tout kritè gouvènman eta ak federal tankou kondisyon pou rapòte ak ranpli taks *Internal Revenue Service(IRS)* fikse. Yo egzije PA/PTA yo pou retire tout taks travay federal, eta ak lokal tankou taks ki apwopriye pou ajans gouvènman. PA/PTA ki chwazi pou anboche estaf dirèkteman se sèl responsab pou reklamasyon nenpòt pati, tankou frakti pèsònèl, domaj pwopriyete oswa nenpòt lòt domaj ki se rezilta nenpòt aksyon yon anplwaye fè oswa pa fè. PA/PTAs yo dwe bay yon regleman asirans konplè sou responsablite ki gen lekòl la, DOE ak Vil Nouyòk kòm lòt enstitisyon ki asire. PA/PTA yo dwe itilize ekipman DOE dapre tout lwa ak regleman DOE ki anvigè. PA/PTA dwe jwenn tou yon pèmi bilding lekòl pou l itilize nan wikenn ak apre lekòl. (Gade Règleman Chanselye D-180). Nan dat 2 septanm 2009, DOE ak UFT te siyen yon akò konsènan garanti asirans moun PA/PTA yo anplwaye. Anbochaj tout pwofesè asistan asosyasyon paran ak lajan PA/PTA a dwe respekte kondisyon akò sa a.

Olye pou yo anboche estaf dirèkteman, yo rekòmande pou PA/PTAs yo bay lekòl yo lajan pou aktivite apre lekòl ak wikenn dapre pwosedi yo dekri pi wo a, pou pèmèt direktè a aplike pwogram yo.

#### 5. Restriksyon nan depans PA/PTA ak PC yo

- a. Lajan yo ramase pou yon rezon byen presi – PA/PTAs ak PC yo oblije itilize lajan yo ramase pou yon koz patikilye sèlman pou rezon yo endike a (paegzanp, lajan yo ramase pou kotizasyon elèv dènnye ane ka sèvi sèlman pou peye aktivite pou elèv ki nan klas sa a pandan ane lekòl sa a ). Si ta gen rès lajan ki rete, itilizasyon lajan sa yo depann de konsantman asanble a nan yon vòt majoritè.

- b. Kontribisyon politik – Kontribisyon PA/PTA ak PC ba kandida CEC, CCSE, CCHS, CCELL, oswa konsèy D75, pati politik, gwoup politik oswa gwoup yon sektè entèdi fòmèlman.
  - c. Anbochaj estaf ki travay pandan lè lekòl – PA/PTAs ak Konsèy Prezidan an pa ka anboche dirèkteman ni bay lajan pou lekòl yo anboche pwofesè matyè debaz(paegzanp, pwofesè k ap anseye matyè tankou Matematik, Syans, Anglè ak Istwa) pou travay pandan lè lekòl. PA/PTAs ak PC yo pa ka anboche dirèkteman, men yo ka bay lajan pou lekòl yo anboche estaf anplis(paegzanp, gwoup pwofesè) pou travay pandan lè lekòl.
  - d. Anbochaj estaf ki fè pati administrasyon –PA/PTAs ak PC yo pa ka anboche estaf pou fè travay administratif asosyasyon an ni dirije pwogram PA/PTA oswa PC a.
6. Depans ki fè eksepsyon pou taks
- a. Nimewo ki fè eksepsyon pou taks nan Eta – PA/PTAs ak PC yo dwe gen pwòp New York State Tax Exemption Number yo pou lè y ap achte atik sou baz eksepsyon pou pa peye taks. PA/PTAs ak PC yo pa ka itilize okenn nimewo eksepsyon taks DOE oswa lekòl. Sitiyasyon eksepsyon nan taks la ka sèvi sèlman pou pwofi asosyasyon an men se pa pou avantaj manm yo anpatikilye. Kontakte Depatman Taks ak Finans Eta *Nouyòk New York State Department of Taxation and Finance* si w bezwen èd: 518 485-2889.
  - b. Estati 501(c)(3) – PA/PTA ak PC ki vle pou yo an kòporasyon kòm òganizasyon 501(c)(3) dwe kenbe pwòp konsèy yo epi yo dwe kontinye fonksyone dapre respè total tout lwa, règleman, prensip, règleman entèn ak lòt kondisyon ki anvigè yo. PA/PTA ak PC k ap fonksyone kòm òganizasyon 501(c)(3) dwe chèche konsèy nan pwòp komite yo sou lòt kondisyon ki gen rapò ak zafè finans, konsèvasyon dosye ak lòt pwoblèm legal. Kontakte IRS si w bezwen èd: 1-800-829-4933.

#### **E. Fason pou konsève dosye finansye PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo**

Pou ankouraje transparans nan atenn objektif yo, PA/PTAs ak PC yo dwe kenbe dosye finans ki konplè ak byen òganize.

##### **1. Konsèvasyon dosye finans**

Dosye finans se tout dosye ki gen salè, depans, ranbousman ak nenpòt tranzaksyon lajan. Yo dwe kenbe dosye finans yo nan lokal lekòl la pou PA/PTAs yo, epi nan lokal distri oswa borough a pou PC yo. PA/PTA ak PC yo dwe kenbe tout dosye finans pou yon peryòd 6 lane. Dosye finans yo dwe gen ladan rapò pwovizwa ak rapò finans anyèl, resi labank, kopi chèk, fòm depo, rapò reyinyon ki apwouve tranzaksyon lajan, itilizasyon kat ATM/Kat debi ak fakti yo. Si se ka

a, yo dwe kenbe tou chèk ki anile oswa elimine, kontra machann, lis envantè bagay yo achte oswa resevwa an kado, kopi oswa dosye fòm eksepsyon taks yo soumèt pou acha ak tout lòt dosye ki gen salè, depans, oswa nenpòt tranzaksyon lajan.

2. Pwotokòl Règleman Entèn sou Konsèvasyon Dosye

Règleman entèn PA/PTA a ak Konsèy Prezidan an dwe gen ladan yon pwosesis pou konte, mete ansekirite ak depoze lajan yo resevwa. Règleman entèn yo dwe fikse tou pwosedi PA/PTA oswa Konsèy Prezidan an pral itilize pou dokimante tout tranzaksyon lajan.

3. Resi pou lajan cash ak dekesman

Yo dwe bay paran yo resi pou lajan yo peye oswa pou donasyon cash yo bay PA/PTA ak PC yo. Sepandan, PA/PTAs ak PC yo pa ka ranbouse lajan cash apre yo fin kolekte ak depoze lajan yo.

4. Aksè nan dosye PA/PTA ak PC

Dosye finans PA/PTA ak PC yo dwe disponib pou manm yo enspekte si yo mande sa a ak si yo bay avi ki rezonab epi nan yon lè ki bon pou toude pati yo. Yo dwe tout demann pou revize dosye finans dwe fèt alekri epi yo dwe idantifye dosye y ap revize a. PA/PTA ak PC yo dwe bay opòtinite pou manm yo revize dokiman yo mande yo nan yon peryòd tan ki rezonab. Yo dwe fè revizyon dosye finans yo nan prezans komite egzekitif la ak 2 manm jeneral ki pa gen rapò ak demann lan. Tout manm yo dwe siyen yon fèy evalyasyon ki idantifye dokiman yo revize a. Si yo mande, PA/PTA ak PC yo dwe fè toout efò pou bay manm yo kopi dokiman ki revize a.

## F. Rapò finansye PA/PTA ak Konsèy Prezidan an

### 1. Rapò Trezorye

Yo dwe bay yon rapò trezorye alekri nan chak reyinyon komite egzekitif ak nan chak reyinyon jeneral pou manm ki fèt. Rapò sa a dwe gen ladan yon deklarasyon sou tout tranzaksyon tankou salè, ranbousman ak lòt depans ak balans pou ouvèti ak fèmti pou peryòd rapò a. Yo dwe bay direktè a kopi rapò trezorye PA/PTA a epi yo dwe afiche l nan lekòl la, pandan yo dwe bay sipèntandan kopi rapò trezorye PC epi mete l disponib pou manm yo.

### 2. Rapò pwovizwa ak rapò finansye anyèl PA/PTA

PA/PTA a dwe prepare yon rapò finansye pwovizwa epi soumèt li ba direktè a nan dat 31 janvyè chak ane lekòl pou pi ta. PA/PTA a dwe prepare yon rapò finansye anyèl epi soumèt li ba direktè a nan dat 30 jen chak ane lekòl pou pi ta. Fòm rapò finansye tanporè ak anyèl PA/PTA a disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations>. Direktè a gen responsablite soumèt enfòmasyon finansye PA/PTA a epi fè rapò ba FACE lè l mande sa. PA/PTA gen responsablite pou distribiye kopi rapò pwovizwa a ak rapò finansye anyèl la ba tout manm yo.

### 3. Rapò anyèl Konsèy Prezidan

PC a dwe prepare yon rapò finansye anyèl pou PC a epi soumèt li ba FACE nan dat 30 jen chak ane lekòl pou pi ta. Gen yon fòm Rapò finansye anyèl PC a ki disponib ann anglè sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/get-involved/parent-associations>. PC a gen responsablite pou distribiye kopi rapò finansye anyèl Konsèy Prezidan an ba tout manm yo.

## G. Odit PA/PTA ak Konsèy Prezidan an

Odit se verifikasyon dosye finans ki fèt pou adapte revini ak depans epi gade si yo respekte lwa, regleman, ak prensip. Odit se zouti ki ka ede PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo analize aktivite finansye yo epi evalye kalite konsèvasyon dosye yo. PA/PTA ak Konsèy Prezidan yo ka fè odit entèn. Yo ka fè odit ekstèn lè yo pote yon plent, lè gen akizasyon grav oswa lè Chanselye a oswa reprezantan l mande sa.

### 1. Odit entèn PA/PTA oswa KOMITE PC fè

Lè yon PA/PTA oswa yon PC deside fè yon odit entèn, yo dwe fòm yon komite pou odit. Se asanble jeneral la ki dwe chwazi komite pou odit la epi li dwe gen ladan yon majorite manm jeneral. Moun ki la pou siyen chèk PA/PTA a oswa PC a pa fè pati travay komite odit la ni konsye yo nan travay yo. Odit la dwe gen ladan yon evalyasyon dosye finansye PA/PTA oswa PC a, jan yo defini l nan seksyon III.E.1.

Yo rekòmande pou fè yon odit entèn yon fwa chak ane. Li ta bon si fè l avan yo soumèt Rapò finansye anyè PA/PTA a oswa PC a. Sepandan, si yo pa fè yon odit entèn se pa yon rezon pou Rapò finansye anyèl fèt anreta. Yo ta dwe fè tou yon odit entèn nenpòt lè yo chanje moun ki gen pòs trezorye a.

Yo dwe rapòte rezilta komite odit la ba manm yo nan pwochen reyinyon asanble jeneral la epi yo dwe dokimante l nan rapò reyinyon an. Komite odit PA/PTA a dwe bay direktè a yon kopi rezilta yo, tandiske komite odit PC a dwe bay sipèentandan an yon kopi rezilta odit pa yo.

- a. PA/PTA ak PC ki gen plis pase 50000 dola kòm revni anyèl *apre taks* – Yo rekòmande pou PA/PTAs ak PC yo ki gen plis pase 50000 dola kòm revni anyèl apre taks anplwaye yon kontab piblik sètifiye (*Certified Public Accountant, CPA*) oswa yon moun ki ekspè nan kontablite, biznis oswa yon domèn ki gen rapò ak kontablite pou fè odit entèn yo. Moun yo chwazi a ta dwe gen konesans nan dwa, regleman, prensip ki aplikab pou PA/PTA ak PC. Moun sa a pa dwe yon manm PA/PTA a oswa PC a, ni yon fanmi okenn manm nan PA/PTA a oswa PC a ni li pa dwe gen okenn enterè dirèk oswa endirèk nan lajan an.

## 2. Odit ekstèn kont labank PA/PTA oswa PC

Chanselye a oswa reprezantan l ka fè yon odit lè gen akizasyon grav jan yo jere lajan, oswa lè yo pote plent konsènan jan PA/PTA oswa PC a jere lajan. Chanselye a oswa reprezantan lan ap gen aksè nan tout dosye finans PA/PTA ak PC yo.

## 3. Erè finansye oswa Move aktivite finansye yo jwenn

Si odit yon PA/PTA oswa yon PC montre gen erè oswa move aktivite finansye, komite odit la oswa moun ki fè odit la dwe voye yon deklarasyon alekri ba FACE. Yo dwe voye kopi deklarasyon an ba PA/PTA a oswa ba manm PC a. PA/PTAs yo dwe voye kopi tou ba direktè a ak ba PC ki apwopriye a. PC yo dwe voye kopi tou ba sipèentandan ki apwopriye a. Chanselye a oswa reprezantan l ka mande pou pran mezi disiplin dapre seksyon IV.

## IV. MEZI POU KORIJÈ YON PWOBLEM OSWA POU BAY YON PINISYON

Pandan motivasyon pèsònèl enpòtan nan fonksyonman PA/PTAs ak PC yo, gen ka ki egzije pou pran mezi pou korije yon pwoblèm ak bay koreksyon pou pwoteksyon yo. Mezi pou korije oswa pou bay pinisyon apwopriye lè konduit manm PA/PTA oswa PC a vyole lwa, regleman, règ, prensip yo oswa lè yo menase dwa elèv, paran ak estaf la. Konduit sa yo se:

**A. Zak kriminèl oswa movèz konduit**

Yo dwe rapòte plent oswa akizasyon sou zak kriminèl ba lapolis, ba Komisyon espesyal investigasyon *Special Commissioner of Investigation (SCI) pou distri lekòl Vil Nouyòk ak FACE*. Yo dwe rapòte ba SCI akizasyon sou zak kriminèl pou evalyasyon epi pou nenpòt aksyon li jije apwopriye, tankou fè rekòmandasyon ki posib ba Biwo investigasyon espesyal DOE. Kontakte SCI nan (212) 510-1500.

Yo dwe rapòte akizasyon pou move konduit ki pa gen rapò ak dwa penal ba SCI ak FACE. Yo ka retire nan PA/PTA a oswa nan PC a manm ki anba investigasyon lapolis epi yo ka entèdi yo sèvi nan nenpòt PA/PTA oswa komite egzekitif PC, nan lekòl oswa nan ekip lidèchip lekòl, nan komite konsèy paran tit I distri oswa lekòl, nan, CEC, CCSE, CCHS, CCELL, oswa nan Konsèy D75. Se Chanselye a oswa reprezantan I k ap pran desizyon ka pa ka pou retire manm yo epi pou anpeche yo bay sèvis alavni.

**B. Erè finansye oswa Move aktivite finansye**

Yo dwe rapòte plent oswa akizasyon sou move jesyon lajan yo ba lapolis, SCI ak FACE. FACE ka rekòmande mezi espesifik epi sispann aktivite fundraising PA/PTAs yo ak PC lè yo jwenn manm yo responsab pou erè, move jesyon metòd finansye ki pa apwopriye, neglijan oswa echèk nan mete lajan PA/PTA oswa PC ansekirite. Yo ka retire nan PA/PTA a oswa nan PC a manm ki patisipe nan konduit sa yo epi yo ka entèdi yo sèvi nan nenpòt komite egzekitif PA/PTA oswa PC, nan lekòl oswa nan SLT, nan Komite Konsèy Paran tit I distri oswa lekòl, nan CEC, CCSE, CCHS, CCELL, oswa nan konsèy D75. Se Chanselye a oswa reprezantan I k ap pran desizyon ka pa ka pou retire manm yo epi pou anpeche yo bay sèvis alavni.

**C. Menas oswa Risk pou lòt moun**

Yo dwe rapòte plent plent oswa akizasyon sou konpòtman menasan yon manm PA/PTA oswa yon manm PC ba lapolis, ba SCI ak ba FACE. Yo ka retire nan PA/PTA oswa nan PC a manm ki gen yon konduit ki reprezante yon menas oswa yon ris pou manm lekòl la, distri a oswa kominote borough a. Menas sa yo se abi vèbal ki rive souvan ak diskou agresif ki pa nesèsè pandan reyinyon, ki sèvi pou entimide lòt moun epi ki lakoz lòt moun gen enkyetid pou sekirite pèsònèl yo. Manm PA/PTA oswa PC yo retire nan pòs akòz konduit yo Chanselye a oswa reprezantan I ka entèdi yo sèvi nan nenpòt komite egzekitif PA/PTA oswa PC, nan SLT lekòl oswa distri, nan Komite konsèy paran tit I nan lekòl oswa nan distri, nan CEC, CCSE, CCHS, CCELL, oswa nan konsèy D75 sou yon baz endividyèl.

**D. Neglijan Manm Egzekitif**

Manm PA/PTA oswa manm PC yo jwenn ki fè neglijan nan travay ak responsablite yo jan yo dekri I nan regleman entèn yo oswa nan regleman sa a ka pèdi pòs yo. Regleman entèn PA/PTA oswa PC a dwe gen ladan yon metòd pou retire manm akòz neglijan.

### E. Konfli Enterè

Manm PA/PTA oswa manm PC a ki gen gen konfli enterè jan yo defini l nan seksyon I.D.3.c. oswa seksyon II.B.2.b. a, yo ka retire l nan fonksyon an si li pa rive jwenn yon eksepsyon nan men fonksyonè etik DOE a. Se Chanselye a oswa reprezantan l k ap pran desizyon pou retire manm yo epi pou anpeche yo bay sèvis alavni.

## V. PWOSESIS OU REGLE KONFLI

### A. Konfli nan PA/PTA ak Konsèy Prezidan

PA/PTAs ak PC yo dakò pou gen lòt pwosesis pou rezoud konfli, depi tout akò yo yo jwenn yo konfòm ak lwa, regleman, règ ak prensip ki anvigè. Kòm òganizasyon ki granm moun tèt yo epi k ap dirije pwòp tèt yo, se PA/PTAs ak PC yo ki responsab pou rezoud pwòp konfli yo.

#### 1. Konfli ant manm PA/PTA

PA/PTA yo dwe eseye rezoud konfli yo ant yo menm. Konfli manm PA/PTA yo se diferans opinyon oswa mezantant ki gen konsekans sou aktivite PA/PTA a oswa sou fonksyònman l. Yon manm PA/PTA ki panse yo vyole regleman oswa regleman entèn sa yo dwe fè akizasyon an pandan yon reyinyon asanble jeneral oswa nan yon reyinyon espesyal pou manm. (Gade Seksyon I.J.1.c) Asanble jeneral PA/PTA a dwe diskite swadizan akizasyon an epi vote pou yon solisyon ki apwopriye. Si yo pa rezoud pwoblèm lan ant yo menm, PA/PTA a dwe mande èd alekri bòkote PC ki apwopriye a. (Gade Seksyon V.B).

#### 2. Konfli ant manm PC

PC yo dwe eseye rezoud konfli yo ant yo menm. Konfli ant manm PC yo se diferans opinyon oswa mezantant ki gen konsekans sou aktivite PC a oswa sou fonksyònman l. Yon manm PC ki panse yo vyole regleman oswa regleman entèn sa yo dwe fè akizasyon an pandan yon reyinyon asanble jeneral oswa nan yon reyinyon espesyal pou manm. Asanble jeneral PC a dwe diskite swadizan akizasyon an epi vote pou yon solisyon ki apwopriye. Si yo pa rezoud pwoblèm lan ant yo menm, PC a dwe mande èd alekri bòkote FACE oswa bòkote sipèntandan an. (Gade Seksyon V.B).

#### 3. Konfli ant man PA/PTA oswa manm PC ak Anplwaye DOE

Pou pote plent kont yon anplwaye DOE, manm PA/PTA oswa manm PC yo dwe suiv pwosesis yo dekri nan Manyèl paran NYCDOE pou pote plent ak rezoud konfli. Manyèl paran NYC DOE pou pote plent ak rezoud konfli a disponib nan (NYC DOE Parent Complaint and Resolution Procedures) : <https://www.schools.nyc.gov/school-life/support/get-help/how-to-file-an-appeal-or-complaint>. Yo dwe rapòte akizasyon sou zak kriminel oswa move konpòtman kont yon anplwaye DOE ba SCI nan (212) 510-1500.

## B. Demann èd PA/PTA ak Konsèy Prezidan an

Lè yo fin itilize tout mwayen entèn pou rezoud konfli a, yon manm ka soumèt yon demann pou konsidere yon vyolasyon regleman entèn oswa lòt lwa, regleman oswa règ ke yo sispèk. Yo dwe soumèt demann èd PA/PTA a ba PC ki apwopriye a. Yo dwe soumèt demann èd PC a ba FACE oswa ba sipèentandan ki apwopriye a.

### 1. Delè

Yo dwe soumèt yon demann alekri pou èd pa pi ta pase 30 jou apre evènman an rive oswa apre yon fin konnen sa epi sèlman apre yo te fè posib yo pou rezoud konfli a nan yon reyinyon asanble jeneral oswa yon reyinyon espesyal.

### 2. Repons

Depi yo fin resevwa demann yon PTA pou resevwa èd, PC a dwe fè aranjman pou kolekte enfòmasyon sou konfli a. PC a ap revize konfli a epi nan espas 30 jou, l ap bay PA/PTA a konsèy ki konfòm ak regleman entèn PA/PTA ansam ak regleman sa a.

Depi yo fin resevwa demann yon PC pou resevwa èd, FACE oswa sipèentandan ki apwopriye a dwe fè aranjman pou kolekte enfòmasyon sou konfli a. FACE oswa sipèentandan ki apwopriye a ap revize konfli a epi nan espas 30 jou, l ap bay PC a konsèy ki konfòm ak regleman entèn PC a ansam ak regleman sa a.

### 3. Solisyon final nan konfli PA/PTA

Nan sitiyasyon espesyal lè yon PA/PTA pa ka rezoud yon konfli menm apre l fin gen èd Konsèy Prezidan apwopriye a, FACE ap pran yon desizyon yo dwe respekte. FACE ap evalye konfli a, l ap kolekte enfòmasyon ki nesèsè api l ap pran yon desizyon final ki angaje toulede pati yo.

- a. Delè- Yo dwe soumèt demann apèl la ba FACE pa pi ta pase 15 jou apre PC a fin fè rekòmmandasyon final la.
- b. Desizyon - FACE ap pran yon desizyon alekri nan 30 jou pou pi plis apre li fin resevwa yon demann pou apèl.

Desizyon FACE la final epi li angaje toulede pati yo. Desizyon yo ap disponib pou piblik la si yo mande l. Yo dwe efase non elèv la oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ki ka fè yo idantifye l nan desizyon yo bay la.

## VI. EKSEPSYON (WAIVER)

Chanselye a oswa reprezantan l ka pa respekte règleman sa a oswa nenpòt pati ladan l si li jije sa pi bon pou sistèm lekòl la.

**VII. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Empowerment

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street - Room 405

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

Imèl: [FACE@schools.nyc.gov](mailto:FACE@schools.nyc.gov)